ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№52 (23.866) ● 2019 гъэм накъыгъэм (майм) и 8, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ ирокъу

ЗэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэр ягъэгушхуэ

КЪБР-м и Парламентым щагъэлъэпІащ республикэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм щытекІуа, кІыхьжаныкІа еджакІуэхэр.

ЗЭПЕУЭХЭР кІыхьэрагъэпэщащ республикэм и хабзэубзыку орган нэхъыщхьэр илъэс 25-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ. Ахэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым, КЪБР-м ЩІыхуэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэмрэ «ДыгъафІэ къалэ» академиемрэ и ГъусэУ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм кьикІа еджакІуэ 79-м яІуащІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, абы и къудзэ **Афэщ1агъуэ Михаил**, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**, КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

- Зэхьэзэхуэхэм ди щІалэгъуалэм я акъыл жаныр, я зэфІэкІыр къыщагъэлъэгъуащ икІи дэтхэнэми и лэжьигъэм гуІныгъ щхьэхуэ зэрыхуэфащэм шэч хэлъкъым, - жиІащ Егоровэ Татьянэ. - Зэпеуэхэр къыщІызэдгъэпэщам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр еджакІуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрызаужьыным тедгъэгушхуэныр арат. Дыщогугъ дэтхэнэми кьыхуэщхьэпІэ гуэр мы Іуэхум кьыхихауэ, Парламентыр къаригъэцІыхьауэ. Фэ гъащІэм и щІэдзапІэм фыщыту аращи, фи зэфІэкІым зэпымыууэ зэрыхэгъэхуэным, екъуІэныгъэ зэрызыІэрыгъэхьэным яужь фит.

Егоровэ Татьянэ щхьэхуэу фІыщІэ яхуищащ «ДыгъафІэ къалэ» академием и егъэджакІуэхэм.

Азычэ Светланэ жиІащ гъатхэпэм и 1-м иратгъэкІуэкІа «Си Хэкур фІыуэ солъагъу» зэхьэзэхуэм еджакІуэ 120-рэ зэрыхэтар.

«Закон нэхъыщхьэ: ныбжьыщІэхэм я Іуэху еплъыкІэ» зэпеуэм республикэм и район 13-м щеджэ ныбжьыщІэ 63-рэ хэтащ. Еджакіуи 100-м хуэдизыр я зэфІэкІ щеплъыжащ «Законымрэ хуитыныгъэхэмрэ» зэхьэзэхуэми.

Гъатхэпэм и 19-м «ДыгъафІэ къалэ» академием еджакІуэхэм я акъыл жаныр щагъэлъэгъащ «ЦІыхум и хуитыныгъэхэр зыхуэдэр» зэфІэщІа джэгуІкІэм.

Усэ гъэхуауэ къеджэныкІэ «Си Хэкур фІыуэ солъагъу» зэпеуэм хэтахэм ящыщ ныбжьыщІэ 43-м щІыхь тхьилъхэр зэІуІщэм щратыжащ. «Гран-при» саугъэтыр хуагъэфэщащ Шэрэдж районым хьихьэ Зэрэгъыж къуажэм и курыт школым щеджэ Темыркъан Даринэ (9 - 11-нэ классхэм щІэсхэм). Зэпеуэм и ятІонэрэ зэдагъэщащ Іэхъуэбэч Исльамрэ (Бахъсэн районым хьихьэ Къулыкъуужьи къуажэм дэт курыт школ №21) Балэ Арезэрэ (Дзэлыкъуэ районым щыщ Сэрмакъ къуажэм и курыт еджапІэ №1).

А зэхьэзэхуэ дыдэм 5 - 8-нэ классхэм щІэсхэр щыІэпеуэ Іыхьэм «Гран-при» саугъэтыр кьыщыІыхьащ Бахъсэн районым хьихьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм дэт курыт школым и еджакІуэ Джаппуевэ Лейлэ. Ятонэрэ ираташ Ульбашевэ Жаннетэрэ (Шэрэдж районым щыщ Балъкъэр Ипщэ къуажэм и курыт еджапІэ №21) Табыщ Астемырэ (Налшык къалэм дэт гимназие №14).

Сурэт нэхъыфІ щІыным теухуауэ щыта «Законымрэ хуитыныгъэхэмрэ» зэпеуэм ятонэрэ къыщахьащ Балаевэ Амалиерэ (Налшык къалэм и курыт школ №9) Къумыкъу Сэтэнейрэ (Къэрэгъэщ курыт еджапІэ №2). Гуп нэхъыжьхэм я деж ятонэрэ Іуэгъэфэщащ Мальянц Алесэрэ (Нартхъалэ дэт курыт школ №5) Ковалёв Александрэ (Прималкинскэм дэт курыт еджапІэ).

Сочиненэ тхыныжьІ «Закон нэхъыщхьэ: ныбжьыщІэхэм я Іуэху еплъыкІэ» зэпеуэр 8 - 11-нэ классхэм щІэсхэм папщІэ ирагъэкІуэкІати, лэжьигъэ нэхъыфІу 13 абы къыхахащ. Ятонэрэ щІэдзапІэм щыщыту аращи, фи зэфІэкІым зэпымыууэ зэрыхэгъэхуэным, екъуІэныгъэ зэрызыІэрыгъэхьэным яужь фит.

«ЦІыхум иІэ хуитыныгъэхэр» акъыл жан зэпеуэм щытекІуащ «Депутатхэр» зыфІэзыща гупыр (Налшык къалэм и курыт еджапІэ №96-м кьикІахэр). ЕтІуанэмрэ ещанэмрэ кьахьащ «Парламентарий» («ДыгъафІэ къалэ» академием и гъэсэнхэр), «Помощники Фемиды» (Налшык къалэм и лицей №2) гупхэм.

ЩІэблэр егъэджэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэщІымрэ зэхьэзэхуэхэр екІуу кьызэрызэрагъэпэщамрэ папщІэ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и фІыщІэ тхьилъыр ираташ «ДыгъафІэ къалэ» академием и егъэджакІуэхэм. Абыхэм ящыщщ Безрокъуэ Еленэ, Беккиевэ Жаннетэ, Гуэщокъуэ Наталье, Маир Рустам сымэ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хьхьащ «ТекІуэныгъэм и диктант» урысейпсо Іуэхум

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хьхьащ «ТекІуэныгъэм и диктант» урысейпсо зэгуфхьэныгъэм. А Іуэхум и ныбжьыкІэ Ныхъэр дыгъуасэ щекІуэкІащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым, Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и жэрдэмкІэ ирагъэжьа мы лэжьыгъэм Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 74-рэ зэрырикъур щагъэлъэпІэм и пэ кьихуэу къэралым и щІыналъэ псори, апхуэдэу нэгъуэщІ къэралу 22-рэ кьыхьихьащ.

Диктантыр ирагъэкІуэкІын папщІэ кьагъэсэбэныну тхыгъэхэмрэ материалхэмрэ, ар зэрырагъэкІуэкІым щыгъуаз зыщІ тхыгъэхэр федеральнэ центрым кьрагъэхри республикэм кьагъэхьащ.

«ТекІуэныгъэм и диктантыр» зэратхам теухуа тхыгъэхэр мэкъуаугъуэм и 12-м, Урысейм и махуэм, газетхэм кьыгтрадзэнущ. Диктантыр нэхъыфІ дыдэу зытахэр щаубзыхунущ щІыналъэ, окружной, федеральнэ Іэнатіэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ветеранхэм ялъогъуазэ

Гъэ къэс ТекІуэныгъэ Иным и махуэм и пэ кьихуэу КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ялъогъуазэ.

А ХАБЗЭМ тету КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщу зыбжанэм я деж щыІащ икІи махуэшхуэмкІэ екъуэхъуащ. Спикерыр зыпІэыгъуэзахэм ящыщщ Юрковэ Анатолий Григорий и къуэмрэ Александрэ Василий и пхъумрэ.

Анатолий Григорий и къуэр и адэм щІыгъуу зауэм Іухьащ и ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа къудейуэ икІи лъэсырыкІуэдзэм хэту къулыкъур ирихьэкІащ. Абы Хэку зауэ орденым и нагъыщэр, «За отвагу» медалыр, юбилей медалхэр кьратащ. Александрэ Василий и пхъур фашистхэм я концлагерым щыІащ.

Ветеранхэм фІыщІэ псалъэхэр щыжриІэм КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ кьыхигъэщхьэхукІащ:

- Дэ фэркІэ догушхуэ, сыту жыпІэмэ, Хэкум псэемыблэжу хуэлэжьэныжьІ щапхъэ нэс къэвгъэлъэгъуащ. Абы щхьэкІэ фІыщІэ ин фхузощІ. КъэкІуэну щІэблэм папщІэ фэ текІуэныгъэ хъэфхьащ. Уэныщагъэ быдэ, гуфІэгъуэ куэд фиІэну, фи гъащІэр кІыхь хъуну сыныводохъуэхъу.

Юрковэ иджыпсту зэрыпсэур спикерым кьыхуаІуэтащ. Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ ахэр зыхуэфЫхэм икІи хуэзэфІэкІ псомкІи ядэІэпыкъуну кьигъэгугъащ.

Анатолий Григорий и къуэм Егоровэ Татьянэ фІыщІэ кьыхуищащ сыт щыгъуи гулъытэщхуэ зэрыхэлъым икІи ахэр щыпсэу унэм псы зэрахущІригъэшам папщІэ.

Егоровэ Татьянэ апхуэдэу мы махуэхэм щыІащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Герасименкэ Нинэ Михаил и пхъум и дежи икІи, сыт щыгъуи хуэдэу, абы и гугъуехь щхьэхуэхэр худигъэкІащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЩІэблэм ящІэн папщІэ

ТекІуэныгъэм и щІыхькІэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым накъыгъэм и 7-м къыдэригъэпэща урысейпсо диктантым хэтащ Дзэ щІыхьым и къалэ Налшыки.

КАВКАЗ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым еджакІуи 100-м нэблагъэ (ЩэнхабзэмрэГъуазджэхэмкІэ и колледжым и студентхэри яхэту) а Іуэхум хэтыну екІуэлІащ. Диктантыр ятхьи и пэ кьихуэу, еджапІэм и ректор Рахаев Анатолэ щІалэгъуалэм захуигъаззу жиІащ Хэку зауэшхуэр зыльэмыІэса унагъуэ Совет Союз псом зэримысар, еэыми и адэшхуэм и адэм и къуибл абы зэрыхэтар, тхум (и адэшхуэ Ибрэхьими яхэту) кьыхэзрамыгъэзэжар.

- Абы кьикІащи, ди къэралым, ди япэ ита лІыхъужьхэм Хэкур яхъумэнымрэ ТекІуэныгъэмрэ уасэшхуэ щІатащ - цІыху мелуан 27-м я псэ хальхьащ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Фэ фщІэрэ, еэы нэмыцэхэм ящыщу сыт хуэдиз абы хэкІуэдами?! - зыхуигъэзащ ректорыр щІалэгъуалэм. - ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и кІыхьагъкІэ, 1939 гъэм фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 1945 гъэм накъыгъэм и 8 пщІондэ, нэмыцэ мелуани 6 хэкІуэдауэ аращ. Бжьыгъэхэр зэпэплъытмэ, укъагъэуІэбжь. ГурыІуэгъуэт нэмыцэм кьаруушхуэ ирихьэлІэу зауэм зэрызыхуигъэхьэзырар, и дзэм щІэгъэкъуэнышхуэ Европэм и промышленностыр кьызэрыхуэхъуар. Арыншамэ, Сталинград нэс, хьэмэрэ Елъкъуэт Іаагапіэхэм дауэт ар кьызэрысынур?! Налшык кьалэри мазищкІэ нэмыцэхэм яІыгъат. Арщхьэкіэ, зыми емыльытауэ, Совет Союзым и щІыхубэр зэрыЫгъуэ абы щыгъуэм текІуэфащи, я щІыхьыр уахътынщэц.

Рахаевым кьыхигъэщащ диктантым щІалэгъуалэр зэрыригъэгупсысынур и гъунэгъум, и лъэпкъэгъум, и ныбжьэгъум зэрыхущытыпхэми, адэ-анэм пщІэ хуащІу псэун зэрыхуеймии. «ПщІэмрэ щІыхьымрэ сыт щыгъуи хъумэн, Хэкур фІыуэ лъагъун зэрыхуейр ди гум илъыпхъэщ», - дыщІигъуащ ректорым.

Ар щІалэгъуалэм ехъэхъащ ТекІуэныгъэр кьызэрытхьрэ мы гъэм илъэс 74-рэ зэрырикъумкІэ икІи диктантыр кьайхъулІэну зэригуапэр жиІащ.

Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым и кафедрэм и унафэщІ ЩІауэцІыкІу Людмилэ Іуэхур кьызэрызэрагъэпэщам тедгъэпсэлъыхьыну зыщыкхуэдгъазэм, абы кьыджиІащ гъэ хъэс ирагъэкІуэкІ Іуэху дахэхэм ТекІуэныгъэм и махуэр гъэлъапІэнри сыт щыгъуи зэрахэтыр, Хэку зауэшхуэм и тхьдэм теухуа урысейпсо диктантым я гуапэу хэтыну гупыж зэращІар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ Хэку зауэшхуэм и лІыхъужь куэд, ди еджапІэм кьедгъэблагъэурэ студентхэм яІудгъащІэу щытахэм ящыщу, кьытхэтыжкъым. «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмыр икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ, сыту жыпІэмэ, ди щІалэгъуалэм зыхащІэн хуейщ щыпсэу къэралым и зэфІэкІыр, совет сэлэтым зэрихьа лІыхъужьныгъэр, абы ТекІуэныгъэр зэрызыІэригъэхьа щыкІэр, щІыхубэр зэрызэкъуэувар, Хэку зауэшхуэм теухуа нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр. А псор хуэгъэпсащ щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным, - жиІащ ЩауэцІыкІум.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, тылым щылэжьаэхэм, республикэм ис псоми дохъуэхъу!

Зауэм, лажьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщ1эуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ Советым и цІэкІэ ди гуапэу дыныводохъуэхъу Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 74-рэ зэрырикъумкІэ.

ХЭХАУЭ фІыщІэ псалъэхэр яхудоГъазэ фронтым Іутахэм, псэзэпылъхьэпІэм ихуахэм, я къаруми я гъащІэми емылІэжу фашистхэм япэщІэтахэм икІи ТекІуэныгъэр Иныр кьытхуэзыхьахэм.

ХъуэхъукІэ захудогъазэ фронтым пэлъита лажьыгъэ Іэнатіэхэр езыхьэкІахэм, кхъухьлъатэхэр, кхъухьхэр, техникэ, Іэщэ кьыщІагъэкІыу, фронтым папщІэ ерыскьымрэ щыгъынхэмрэ ягъэхьэзыру, жэщ-махуэ ямыІэу тылым щылэжьахэм. Зауэм хэкІуэдахэм, фронтым Іутахэм ящыщу иужькІэ дунейм ехыжахэм я щхьэгъусэхэу пщІэ зыхуэтщІэх, хэкІуэдахэм я бынхэ, фи щхьэгъусэхэм, фи адэхэм я лІыгъэм дрогушуэ икІи ахэр дэ зэи дигу ихункъым.

Республикэм и щІыхуэу пщІэ зыхуэтщІэх, нобэ дэ псори дызэкъуегъэувэ совет щІыхьым зэрахьа лІыгъэ иным икІи дэ зыми яхуэздэнкъым ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я лІыгъэр зыгъэмэщІэну хущІэкъуэхэм икІи ТекІуэныгъэ Иныр пщІыкІэ зыгъэльэпину яужь итхэм.

Иджыпсту кьыдэкІуэтей щІэблэм захудогъазэ я адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ я лІыхъужьныгъэр зыщамыгъэгъупщэу, нэхъыжьхэм я фэеплъым хуэфащэу псэуну кьыхуедджэу.

Уэныщагъэ, гуфІэгъуэ, жьыджэрагъ, унагъуэ насып, мамырыгъэ, зэпІэзэрытныгъэ фиІэну икІи дыщальхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэпымыууэ ефІэкІуэну ди гуапэу дыныводохъуэхъу.

Накъыгъэм и 9-м екІуэкІыну гуфІэгъуэ Іуэхухэр

1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 74-рэ зэрырикъур накъыгъэм и 9-м республикэм хэІэтыкІауэ щагъэлъэпІэнущ.

А МАХУЭМ **сыхьэти 10-м** удз гъэгъахэр тралъхьэнущ «ЩІыхьым и мафІэ мыужьыкІыж» мемориалым.

Сыхьэт 11-м Налшык и уэрам нэхъыщхьэм «Полк уахътынщэр» кьрикІуэнущ. Нэгъабэ а Іуэхум хэтащ республикэм щыпсэуэхэм ящыщу мин 80-м щІигъу.

Зэгурыіуэныгъэ утыкум **сыхьэт 12-м** кьыщыхэІуахьнущ «А илъэс лъапІэхэм ди щхьэр яхуэдгъэщхьынц» театр гъэлъэгъуэныгъэмрэ щІалэгъуалэм кьызэрагъэпэща «ТекІуэныгъэм и вальс» Іуэхумрэ.

А зэман дыдэм республикэм и шыгъэжапІэм щыщІадзэнущ шууейкэм я зэпеуэм.

Сыхьэт 15-м Къэбэрдей уэрамым сурэт гъэгъэныгъэ кьыщыхэІуахынущ, апхуэдэу мыбы щагъэлъэгъуэнущ «Фэеплъым и блын» стендыр.

Абхъэзым и цІэр зезыхьэ утыкум **сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 30-м** щыщІэдзауэ щагъэлъэгъуэнущ «Уахътынщэхэм я дзкІыпІэ» фильмыр.

ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэм я кІэухыу **сыхьэт 21-м** Налшык махуэшхуэ салют щатынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Парламентым и щІыхькІэ

Гъэмахуэ шыгъажэ лъэхъэнэр къыщыщІэхьыж республикэ ипподромым шыгъажэу блы щекІуэкІащ. Абыхэм ящыщ зым щызэпеуащ КЪБР-м и Парламентым илъэс 25-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ ягъэува саугъэтыр къэхьыным теухуауэ.

МЕТР 2000 зи кІыхьагъ гъэгъуанэр ятонэ къыщІэпичащ Быф Анатолий и хакІуэ Голден Соул. Шыр игъэхьэзыращ гъэсакІуэ Іэзэ Алокъуэ А., ар къигъэжащ ятонэ категорие зиІэ шууейШыкъ А.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** текІуахэм ехъэхъащ икІи республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и саугъэтыр яритащ.

- Псом ятонэу нобэрей махуэшхуэмкІэ - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэмкІэ, апхуэдэу шыгъажэр кьызэрызэІуахамкІэ сыныводохъуэхъу. Кавказым исхэм ижьижьыж лъандэрэ шыр зыхальхьэ щыІэкъым. Ар ди щэнхабзэм кьыгъэхьапІэ зимыІэ и Іыхьэщ. Аращ шыгъажэхэм ящыщ зыр КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъуам зэрытраухуар хуабжу ди гуапэ щІэхъуар. Псоми зэрытлъэгъуащи, зэпеуэр гуащІэу екІуэкІащ.

СыэзрыщыгъуаэзмкІэ, шэсу шыгъажэм хьихьэн ипэкІэ шууейкэм шыр илъэс зыбжанэкІэ я гъасэ. Абы папщІэ а псэущхьэр нэгъэсауэ фІыуэ плъагъун хуейщ. Апхуэдэ лъагъуныгъэрщ нобэрей текІуэныгъэр кьызыпэкІуари.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«910» лъагапІэм щыхэкІуэда зауэлІхэр щІалъхьэжащ

ТекІуэныгъэм и махуэм и пэ кьихуэу Бахъсэн районым хьихьэ ХьэтІолъащ1ыкъуей къуажэм щыщ1алъхьэжащ Хэку зауэшхуэм и зэманым «910» лъагапІэм щыхэкІуэдауэ щыта зауэлІхэр.

1942 ГЪЭМ и гъэмахуэм Пятигорск къалэр зыубыда бийр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм къыхуеІэрт. Зауэ гуащІэхэр щекІуэкІырт «910» лъагапІэм, Хьэрэкъуэрэ бгым, Зеикъуэ, Къызбрун Езанэ къуажэхэм. Абы щыгъуэ зэкІуэда щІалитІыр пщІэшхуэ хуащІу щІалъхьэжащ икІи абыхэм я кхъащхьэхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ЩІэблэм ящІэн папщІэ

ТекІуэныгъэм и щІыхькІэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым накъыгъэм и 7-м къыдэригъэпэща урысейпсо диктантым хэтащ Дзэ щІыхьым и къалэ Налшыки.

КАВКАЗ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым еджакІуи 100-м нэблагъэ (ЩэнхабзэмрэГъуазджэхэмкІэ и колледжым и студентхэри яхэту) а Іуэхум хэтыну екІуэлІащ. Диктантыр ятхьи и пэ кьихуэу, еджапІэм и ректор Рахаев Анатолэ щІалэгъуалэм захуигъаззу жиІащ Хэку зауэшхуэр зыльэмыІэса унагъуэ Совет Союз псом зэримысар, еэыми и адэшхуэм и адэм и къуибл абы зэрыхэтар, тхум (и адэшхуэ Ибрэхьими яхэту) кьызэрамыгъэзэжар.

- Абы кьикІащи, ди къэралым, ди япэ ита лІыхъужьхэм Хэкур яхъумэнымрэ ТекІуэныгъэмрэ уасэшхуэ щІатащ - цІыху мелуан 27-м я псэ хальхьащ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Фэ фщІэрэ, еэы нэмыцэхэм ящыщу сыт хуэдиз абы хэкІуэдами?! - зыхуигъэзащ ректорыр щІалэгъуалэм. - ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и кІыхьагъкІэ, 1939 гъэм фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 1945 гъэм накъыгъэм и 8 пщІондэ, нэмыцэ мелуани 6 хэкІуэдауэ аращ. Бжьыгъэхэр зэпэплъытмэ, укъагъэуІэбжь. ГурыІуэгъуэт нэмыцэм кьаруушхуэ ирихьэлІэу зауэм зэрызыхуигъэхьэзырар, и дзэм щІэгъэкъуэнышхуэ Европэм и промышленностыр кьызэрыхуэхъуар. Арыншамэ, Сталинград нэс, хьэмэрэ Елъкъуэт Іаагапіэхэм дауэт ар кьызэрысынур?! Налшык кьалэри мазищкІэ нэмыцэхэм яІыгъат. Арщхьэкіэ, зыми емыльытауэ, Совет Союзым и щІыхубэр зэрыЫгъуэ абы щыгъуэм текІуэфащи, я щІыхьыр уахътынщэц.

Рахаевым кьыхигъэщащ диктантым щІалэгъуалэр зэрыригъэгупсысынур и гъунэгъум, и лъэпкъэгъум, и ныбжьэгъум зэрыхущытыпхэми, адэ-анэм пщІэ хуащІу псэун зэрыхуеймии. «ПщІэмрэ щІыхьымрэ сыт щыгъуи хъумэн, Хэкур фІыуэ лъагъун зэрыхуейр ди гум илъыпхъэщ», - дыщІигъуащ ректорым.

Ар щІалэгъуалэм ехъэхъащ ТекІуэныгъэр кьызэрытхьрэ мы гъэм илъэс 74-рэ зэрырикъумкІэ икІи диктантыр кьайхъулІэну зэригуапэр жиІащ.

Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым и кафедрэм и унафэщІ ЩауэцІыкІу Людмилэ Іуэхур кьызэрызэрагъэпэщам тедгъэпсэлъыхьыну зыщыкхуэдгъазэм, абы кьыджиІащ гъэ хъэс ирагъэкІуэкІ Іуэху дахэхэм ТекІуэныгъэм и махуэр гъэлъапІэнри сыт щыгъуи зэрахэтыр, Хэку зауэшхуэм и тхьдэм теухуа урысейпсо диктантым я гуапэу хэтыну гупыж зэращІар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ Хэку зауэшхуэм и лІыхъужь куэд, ди еджапІэм кьедгъэблагъэурэ студентхэм яІудгъащІэу щытахэм ящыщу, кьытхэтыжкъым. «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмыр икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ, сыту жыпІэмэ, ди щІалэгъуалэм зыхащІэн хуейщ щыпсэу къэралым и зэфІэкІыр, совет сэлэтым зэрихьа лІыхъужьныгъэр, абы ТекІуэныгъэр зэрызыІэригъэхьа щыкІэр, щІыхубэр зэрызэкъуэувар, Хэку зауэшхуэм теухуа нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр. А псор хуэгъэпсащ щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным, - жиІащ ЩауэцІыкІум.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Накъыгъэм и 8, бэрэжьей

♦Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ Щхьэнтіэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦Беларусь Республикэм и къэрал ныпымрэ гербымрэ я махуэщ

♦1945 гъэм фашист Германием псалъэмакъынщэу зыкъыІэзэритыр кьыщыгъэлъэгъуа кІэух акТым Іэ щытрадзащ Берлин пэмыжьыжьэ Карлсхорст щІыпІэм.

♦1949 гъэм Германием и щыхьэр Берлин и Трептов-паркым кьыщыІэзэхащ а къалэм щыхэкІуэда совет сэлэтхэм я фэеплъ.

♦1965 гъэм СССР-м щагъэуваш «Къалэ-лІыхъужь» цІэ лъапІэр. А махуэ щыдэм а цІэр хуагъэфэщауэ щытащ Ленинград (иджы Санкт-Петербургщ), Сталинград (иджы Волгоградщ), Севастополь, Одессэ, Киев, Москва къалэхэм. Брест быдапІэм «Быда-пІэ-лІыхъужь» фІащауэ щытащ.

♦1967 гъэм «Сэлэт Мыцыхум и Фэеплъ» архитектурнэ ансамблыр Кремлым и блым деж къыщыщІэІуахащ.

♦США-м и 33-нэ президенту (1945 - 1953 гъэхэм) щыта **Трумэн Гарри** къызэралъхуэр илъэси 135-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Нэгъуей Бесльэн** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ, Урысейм щІыхь зиІэ и дохутыр **Хьэжмусэ Лидие** къыщалъхуа махуэщ

♦Мексикэм и къалащхьэ Мехико 1968 гъэм щекІуэкІа XIX Гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм лъакъэрыгъажэмкІэ чемпион щыхъуа **Шыхъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къущхьэ Хьэсбий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, режиссёр **Тодоровский Валерий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщеихынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бжьахъуэм и фор зэбграхырти, езыми зы фо Іэмыщ1э къыхихыжащ.

«2019 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм пещэ

● Бахьсэн къалэ

«2019 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» Урысейпсо зэпеуэм и щIынальэ Iыхьэр Бахьсэн къалэ дэт 4-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ. Унэтlыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ я Iэзэгъымрэ я зэфIэкIымрэ ягъэлъэгуащ республикэм и щIынальэхэм къикIа егъэджакIуэ 13-м.

МАХУЭШХУЭМ кърихьэлIа хьащIэ лъапIэхэм ящыщт КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и пашэ Азыхэ Светланэ, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэухухэмкlэ и министр Къуамыкъу Iэуес, КъБКъУ-м и проректор Къэжэр Артур, Бахьсэн щIыналъэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим сымэ, зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу зэIущIэм щIалэ республикэм и щIынальэхэм я щIыпIэ самоуправленэхэм я унафэщIхэр, школ унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр.

Махуэшхуэм иращIылIа пшыхьыр къызэIуаха нэужь, пэшым щIэсхэм ирагъэщIыхуащ зэпеуэм хэтыну егъэджакIуэхэр, абыхэм къапэщытIа къалэнхэри наIуэ къащIащ. Я́пэу псалъэ зрата Къуамыкъу Iэуес жиIащ зэпеуэр къызэрекъэрэ мы гъэм илъэс 30 зэпырикъур икIи абы и къалэн нэхъыщхьэу щытыр егъэджакIуэ нэхъыфIхэр къызхэныкьуэ мызакъуэу, абыхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэмкlэ зэгъэхьэзэжныр, адэкIи утыкуухуэхэм ихьэн папщIэ тегъэгушхуэныр арауэ зэрыщытыр. Зэхьэзэхуэм хэт дэтхэнэми зыщыщ еджапIэхэм я цIэр фIыкIэ ягъэIуну, адэкIи урысейпсо утыкум я зэфIэкI щагъэлъэгъуэн хуэдэу ехьулIэныгъэ зыIэрагъэхьэну ехьуэхъуащ.

Мамхэгъ Хьэчим къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэр къыззыгъэпэщащэми абы къекIуэлIахэми, мыпхуэдэ Iуэху дахэр я щIыпIэм зэрыщекIуэкIыр зэрригуапэр къыхигъэщащ. Ди щIэблэм ягъэтыну щIэныгъэр зыхуэдэнур зэлъытар ди егъэджакIуэхэр арауэ зэрыщытыр, щапхъэ зытепх хъун куэд абихэм зэрахэтыр, а Iэнатlэм пэрытхэм яхуэтщI гупыятэр нэхъыбэу щытын зэрыхуейр къыхигъэщащ Мамхэгъым и псалъэхэм.

ХьащIэхэр къэпсэлъа нэужь зэпеуэм и яп Iыхьэм щIимыдзэ щIыкIэ егъэджакIуэхэм Iэмал яIащ ирагъэдж предметым, сабийхэм зэрадэлажьэу къыгъэсэбэп Iэмалхэм, я ехьулIэныгъэхэм тепсэлъыхьыну. А Iыхьэр зэфIэкIа нэужь, зэпеуэм зэрыхэтыну зэкIэлъыкIуэкIэр зэрагъэзыхуэн папщIэ, егъэджакIуэхэр бжыгъэхэм хагъэдащ. КъыкIэлъыкIуэу ахэр эссе щатхыну пэшым ирагъэблэгъащ.

Зэпеуэр къафэхэмкlэ, уэрэдхэмкlэ ягъэдэхащ Iуэхур щекIуэкI курыт школым и еджакIуэ цIыкIухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм кърикIуамкlэ хъыбар мыгувэу къыдигъэщIэнущ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныгъэ щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Мыкlуэдыжын лъэужь пхызыша

● ДифI догъэлъапIэ

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Естественнэ щIэныгъэхэмкlэ урысей академием и член-корреспондент, щIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Академием и академик, биологие щIэныгъэмкlэ я доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 65-рэ ирикъуащ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий

КЪЫЗЫЗХЭКIА лъэпкъым хуэфащэ, кIыхьыдэкIа аушыджэрдэсхэр зэрыгушхуэ, къэралым хьэлэлу хуэлажьэ щIэныгъэлI цIэрыIуэщ Щхьэгъэпсор. «Дэтхэнэ зыми хуэдэу, сэри сыкъызыдэкIа си кIуачэжэм хуэдэ щымыIуэ кIыщсюхьу. Си нэгу кIыщIюхьэж абы щежэж псы кьабзэр, кIыщыкI жыг дахэхэмрэ удз хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. Андемыркъан и Iуащхьэмрэ Къэзанокъуей джабэмрэ-щэ? Си гур хохъуэ ди кIуачэжэм цIыху Iущ куэд кIызэрыдэкIам щхьэкIэ. Апхуэдэхэщ Бэрбэч Хьэтlутlэ, Льюстэн Владимир, Сльон Лудин, Ашэбокъуэ Леонид, Урыс Хьэчим, Кьардин Пашит сымэ, нэгъуэщI цIыху щыпкъэхэри. СыкъызыхэкIахэм я гугъу пщIымэ, абы срогушхуэ, ар лъэпкъ узынIшу кIызэолытэри», - жеIэ Сэфарбий.

Щхьэгъэпсор и адэщхуэз-анэшхуэхэм я жьауэм щIэту, адыгэ хабзэ дахэм щIалIыкIыу къэхуауэ. И адэ Хьэсэнбий илъэс 18 фIэкIа мыхъуу Хэку зауэшхуэм 1942 гъэм дашри, 1947 гъэ пщIондэ абы щыIащ. Хьэсэнбий лIыгъэ зэрихьэу, и щIэр фIыкIэ къраIуэу зауэм зэрыхэтам папщIэ, абы кIыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэр, Берлин зэраубыдам, Германием зэрытекIуам папщIэ медалхэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри. Зауэм теухуа хьыбар гъэщIэгъуэн куэд итхыжурэ газетхэм кьытрыригъадзэу щытащ Хьэсэнбий. Сэфарбий и анэ Фэтlимэт Бэрбэчэ яIахьут, дэрбэзр Iэзэт.

Зэщхьэгъусэхэр сыт щыгъуи уэщIэкъурт я бынхэм щIэныгъэ куу зэрыбгъэдалъхьам. Я́пхъу нэхъыжь Лерэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къиухащ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырщ. Сэфарбий КъБКъУ-м и биологие факультетыр «тху» защIэкIэ къиухащ. Абы и ужькIэ ар Ростов дэт къэрал университетым и аспирантурэм илъэсищкIэ щеджэри, кандидат диссертацэр итхащ, 1996 гъэм и доктор диссертацэр Екатеринбург къалэм щыпхигъэкIащ.

Щхьэгъэпсом хэлъ жыджэрагъыр, зыбгъэдэт Iуэхур дагъуэншэу зэрызэфIихыр кьалъытэурэ, ар жэуапIыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэхэм пэрагъэуващ. 1991 гъэм къыщыщIадзауэ 2005 гъэ пщIондэ ар КъБКъУ-м и химико-биологие факультетым и декану щытащ. 2006 гъэм ар КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министру ягъэуващ. 2010 гъэм екIуэкIа «Илъэсым и министр нэхъыфI» зэпеуэм абы бжыгъэр щиубыдауэ щытащ. ИужькIэ КъБР-м и Архив Iуэхущапсэм и унафэщIу лэжьащ.

Щхьэгъэпсор щIэныгъэлI цIэрыIуэщ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 400-м нэс. Апхуэдэхэщ и монографиехэр, еджакIуэхэр зэрырагъаджэ тхылъхэр, статьяхэр, докладхэр. Абы и нэIэм щIэту кьыдэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 25-рэ. Щхьэгъэпсор жьыджэру ядолажьэ зи кандидат, доктор лэжьыгъэхэр зыгъэзэрыхэм.

Егъэджэныгъэм зэрызиужьым, абы щIэуэ къыхьыжа Iуэхуитlуэхэр кIыззэрыщыхъуэм дыщыщIэупщIэм, Щхьэгъэпсом кьыдэкIащ еджапIэхэм я Iуэхур куэдкIэ зэрефIэкIуар.

- 2005 гъэм кьыхалъхьауэ щытащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр, - жиIащ Сэфарбий. - Абы и ужькIэ школхэм куэдкIэ нэхъ щыхьауэжащ. Проектым ипкъ иткIэ кьызэрагъэпэща зэпеуэхэм школхэр хэтащ икIи текIуахэм сом мелуан зырыз иратащ. Апхуэдэ Iэмалхэм еджапIэхэр кьагъэщIэрэщIэжащ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкlэ кьызэрагъэпэщыжащ. Лъэпкъ проектым хьыхь зэпеуэм зэфIэкI лъагэхэр кьыщызыгъэлъэгуа егъэджакIуэхэри ахъшэ саугъэтхэмкlэ ягъэпэжащ.

ЕГЭ къэщыгъэкIэр кьыззэрыхальхьэрэ еджакIуэхэм Iэмал имыIэу экзамен зэратам хуей урысыбзэмрэ математикэмрэ зыхуагъэхьэзырри, адрей предметхэр нэхъ лъэныкъуэ егъэзэа мэхъу. Апхуэдэ экзамен тыкIам УФ-м и сыт хуэдэ еджапIэми щIэтIысхьэфыну Iэмал хъарзынэ ныбжьыщIэм кьыззэрыритыр, ар егъэджэныгъэм и зыужьныгъэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр кьыхигъэщащ Щхьэгъэпсом. Ауэ апхуэдэ щхьэусыгъуэм кьыхэкIыну адыгэбзэри нэхъ лей кьызытехьэ предметхэм хабжэ зэрыхъуари жиIащ абы.

А ныкъусанигъэр кьызэзыдэкIыфынымкlэ хэкIыпIэу щыIэхэм тедгъэпсэлъыхьащ Сэфарбий.

- Сабийм и бзэр зригъэщIэн кьыщыщIидзэр и унагъуэрщ, и адэ-анэм я дежщ, - жеIэ щIэныгъэлIым. - Абы епсолъэн хуейщ кьыдалъхуа и бзэмкlэ. ЕтIуанэрауэ, школхэми сабийр еджэным хуэзыгъэуш, а предметым дезыгъэхьэх лъжьыгъэшхуэ зэфIахьн хуейщ. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ къэрал къулыкъущIапIэхэм къащтэ унафэхэми. Аращи, ахэр псори зэпхащ. Ди щIэблэм я бзэр ящIэу кьэдгъэтэджынымкlэ дэ зыри зэран кьытхуэхъуфынукъым. Аращи, Iэмалу щыIэр кьэдгъэсэбэпын хуейщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ Щхьэгъэпсом лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIауэ щытащ. ПащIэдзэ классхэм щIэс сабийхэм предмет псори я бзэкIэ яджыжыну Iэмал яритащ, абы папщIэ анэдэлъхубзэкIэ зэрыщыщIэ учебникхэр кьыдэгъэкIыжынымкlэ ядэIэпыкъуащ икIи езыри зыхьэлэзэ биологие тхылъхэм ящыщ зыбжанэ адыгэбзэм кьригъэззэгащ.

Щхьэгъэпсом и Iэдакъэщ Iэкl нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыкI къэкIыгъэр» тхылъ хьэпсэмэстыр. Ар нагъкIуэ1 600 мэхъу. Абы итщ ди щIыналъэм кьыщыкI удз лIэужьыгъуэхэр, ахэр сыт хуэдэ щыкIэкIэ къэбгъэсэбэп хъунуми, сыт хуэдэ удзэхэр кIуэдыжми, дэтхэнэхэр «Тхылъ плъыжьми» ихуами, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу тхылъыр нэхъ щIэщыгъуэж ящI абы ит сурэт щхьэжкIэлъплъыкIэхэми. Удз лIэужьыгъуи 150-м я сурэтхэр зэхуихьэсыжащ Щхьэгъэпсом. «Ди щIыналъэм къэкIыгъэу минищым нэс кьыщокIри, 700-м я цIэрщ адыгэбзэкIэ кьэдгъуэтыжыкIыфар», - жеIэ абы. КьыхэзгъэщIапхъэщ Сэфарбий мы тхылъым илъэс 30-кIэ зэрелэжьар.

И гуащIэшхуэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрыхилъхьам, и Iэдакъэм кьыщIэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм папщIэ Сэфарбий кьыхуагъэфэщащ УФ-м, КъБР-м кьэбгъэдэкI щытхъу, щIыхь тхылъхэр, медалхэр. Абы лэжьыгъэшхуэ хищIыкIащ КъБКъУ-м экологием, географием щыхурагъаджэ къудамэхэр кьыщызэIухыным. Щхьэгъэпсом кьызэригъэпэщащ «Кавказым и дуней плъыфэбзэр: абы и зэхэлъыкIэр, щытыкIэр, хъумэкIэр, кьэгъэсэбэныкIэр» еджапIэр.

Ди щIыналъэм и мызакъуэу, Щхьэгъэпсо Сэфарбий и цIэр фIыкIэ кьыщащIэ хамэ къэралхэми. Абы мыхъIэу кьызэригъэпэщащ дунейпсо щIэныгъэпрактикэ конференцэр, езыми жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ зэIущIэ куэдым. «Кавказ щIыналъэм и ботаник Iэзэхэм ящыщщ Щхьэгъэпсо Сэфарбий», - жиIащ РАН-м и академик, УФ-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лъэжьакIуэ Горчаковский П. Л. Профессорхэу Павлов В. Н., Онипченко В. Г., Иванов А. Л. сымэ тетхыхьащ Щхьэгъэпсом и Iэдакъэщ Iэкl купщIафIэхэм ди щIыналъэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми пщIэшхуэ кьызэрыщыхуащIам. «КъэкIыгъэхэм я экологием, систематикэм, географием елэжь Iэщ Iагъэлl нэхъ лъэщхэм ящыщщ Щхьэгъэпсор. КъБКъУ-м ботаникэмкlэ и кьудамэм, ар зи унафэщIу щытам, и лэжьакIуэхэм зэман кIэщIым кьриубыдэу щIэныгъэхуэгъэ лэжьыгъэфIхэр ирагъэкIуэкIащ икIи Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм нэхъ къыщыхэжаныкIахэм ящыщщ», - жиIащ УФ-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Абдурахманов Г. М.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий «Удзыфэ» Урысей экологие партым и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIщ. Абы кьелъытэ еджапIэхэм сабий щхьэгъусэ зы сыхьэт экологием хухахьн хуейуэ, эколог Iэщ Iагъэм егъэджакIуэхэр хуэгъэзыхьзырыпхъу, кушIыбым елэжь Iуэхущапсэ кьызэгъэпэщыпхъу, цIыхухэм я узыншагъэм зэран хуэхъу удзыжьхэр гъэкIуэдыным елэжьыным егупсысыпхъэу.

ГъАЩIэР Iыхьэ куэду зэхэлъщ. Абыхэм я нэхъыщхьэ дыдэу Сэфарбий ебж унагъуэр. Абы зэрыжиIамкlэ, унагъуэрэ уиIэмэ, уи лэжьыгъэми нэхъ тегушхуауэ убгъэдохьэ, гъащIэри щIэщыгъуэу ибохьэкI.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий адыгэ унагъуэ дахэу мэпсэу. Щхьэгъэпсоэх я унагъуэм и жьэгу пащхьэр зыгъэхуабэ бзыльхугъэ гумызагъэщ, щхьэгъусэм бынхэми я гур яхуэзыгъэдахэ, я нэщхьеягъуэри гуфIэгъуэри ядэзыIэт Iцыху тэмакъкIыхьщ Ларисэ. Абыхэм зэдагъуэтащ бынитI. Я хъыджэбз Лянэ и анэм и лъагъуэм ирикIуащ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. Я щIалэ Аслъэнджэрий прокуратурэм щолажьэ. Сэфарбийрэ Ларисэрэ быным, абыхэм я бныжьым ящыгуфIыкIыу мэпсэу.

Ди гуапэщ Сэфарбий иджыри илъэс куэдкIэ узыншагу я къэралым лъэпкъым ихуэгъэжьыну. Абы пщIэкъым хуищIар зэи мыкIуэдыжьын лъэужьщ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Парламентым и тхыдэм ироплъэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ республикэм парламентаризмэр зэрыщыщIэфIэуфащэ абы зэрызыщиужьамрэ теухуа щIэныгъэ конференц.

- 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыкIу Iуэхущапсэм ятэ хэхьыныгъэхэр щекIуэкIат. Жылагъуэ-политикэ, экономикэ щытыкIэхэр щымыщIагъуэ 1990 гъэхэм я щIэдзапIэм республикэр тегушхуащ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм икIи ар зэрыщымыуар къыгъэлъэгуащ щIыхьэм я псэукIэм зэрызрагъэужьыфам, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**. - КъБР-м и Парламентым нобэр кьыздэсым нэхъыщхьэ дыдэу и нэIэ зытетыр щIыхьэр зыхуэныкъуэхэмкlэ кьызэрагъэпэщыным кIэлъплъынырщ. Ар зэIухуэу ядолажьэ политикэ партхэм я лIыкIуэхэм, жылагъуэ зэгухьанысэхэм, республикэм и щIыхьэм. Щэч кьытесхьэркъым адэкIи депутатхэр а Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэрытетынум.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьудзэ **Афэщагъуэ Михаил** жиIащ къаIэта Iуэхум щIэныгъэлIхэм гулъытэ зэрыхуащIам уригушхуэ зэрыхъунур.

- Къэралыгъуэм, демократиэм щытыкIэм зегъэужьынымкlэ, зэрытщIащи, мыхьэнэшхуэ зиIэ къаруш республикэм и Парламентыр. Ар зэрылажьэрэ илъэс 25-рэ фIэкIа мыхъуами, депутатхэм яхуэзфIэкIащ щIалэльъэм щызекIуэ законхэм лъабжьэ ирагъэгъуэтыну, - жиIащ Афэщагъуэм.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщым и кьудзэ **Федченкэ Людмилэ** тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр зэрызэфIэувамрэ зэрызиужьамрэ.

- КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я жэрдэмкlэ нэхъ итlэкIэ политикэ Iуэхугъуэшхуэ зэфIагъэкIахэм ящыщт балъкъэр лъэпкъым я референдум зэрырагъэкIуэкIар, абыхэм я Къэщlэрэщlэжьныгъэм, республикэм и Къэралыгъуэм я махуэхэр зэраубыхуар, цIыхухэр гъэзэгу пэнжк тезышэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрызэхуащIар. А псор и щIэдзапIэт республикэм фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжьным, экономикэр хуэмурэефIэкIуэным, - жиIащ Федченкэ Людмилэ. - Депутатхэмрэ щIыналъэ унафэщIхэмрэ, республикэм и яп Президент КIуэкIуэ Валерий я пашэу, хэкIыпIэ псоми лIыхьэуэт, щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр зэпIэзэрыт ящIын папщIэ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт хуэдэ зэманми гулъытэ хэха щыхуащIу щытащ социальнэ политикэм. Арат УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу «Ингушэр, адэ-анэр, сабиигъуэр хъумэным теухуауэ» законыр япэу къэзыщтахэм КъБР-м и Парламентыр щIахэтар. Законыр теухуат анэр сабий игъуэтам илъэсищкIэ бгъэдэсыфыным, абы щыгъуэми ахъшэ ирату (УФ-м я пIалъэр илъэсрэ ныкъуэрэт). Щэн хэмылъу, абы кьыкIэлъыкIуащ цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI законхэри. Ахэр теухуат сабий зеинщэжам, щIалэгъуалэм зэрызыщIагъакъуэм, цIыху щхьэхуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми. Кьапщтэмэ, «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законри КъБР-м и Парламентым кьыщищтар лэжьэн щыщIидза яп илъэсхэрщ.

Федченкэ Людмилэ кьыхигъэщхьэхуакIащ КъБР-м и Парламентым нобэ кьыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэри. Ахэр ехащ республикэм и мэкъумэш Iуэхущапсэхэм, туризмэм, хъэрычэтым зэрызрагъэужьыну Iэмалхэм. «Кьыщынэмысыщ1эу, зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым унагъуэ хуэмыщIахэмрэ бын куэд зыпIэмрэ я хуитыныгъэхэр тхъумэн зэрыхуейр, Хэкум ирагъэкIахэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм ди нэIэ зэратедгъэтыпхъэр, кьуаежэм щыпсэу щIалэгъуалэр лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыным гулъытэ зэрыхуэщIипхъэр», - дыщIигъуащ абы.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Май щIынатlэ

Ныкъуэдыкъуэхэм къащхьэщож

Май щIынатlэм гулъытэ хэха щыхуащI ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэль щIыхуэхэр лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыным.

ИУЖЬРЕЙ илъэс зыбжанэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуаныкI, ныкъуэдыкъуэхэм ядэIэпыкъуну илъэдэкъэщкI куэд ди Iуэхущапсэхэм яхэту пхужьIэнукъым. Нэгъабэ щIыхуищ къудей лэжьапIэ уяуфауэ араш.

Район администрацием и унафэщым социальнэ, жылагъуэ Iуэхухэмкlэ и кьудзэ Бездудная Ольгэ зэрыжиIэмкlэ, ныкъуэдыкъуэхэм лэжьыгъэ кьыхуагъэуэтынымкlэ комиссэм хэтхэм кьалэн щIэщIащ щIыналъэм щыIэ Iэнатlэхэр кьызэхакIухьу, зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэну, Iуэхур зэрекIуэкIми щIэх-щIэхьурэ кIэлъыплъыну. Лэжьакъуэ кьэзыщтэрыпхъэм пIалъэу хуагъэуващ 2019 гъэм и ещанэ мазищым и кIэухым нэсыху. Май районым и закъуэ ныкъуэдыкъуэу 600-м щIигъу щогуть лэжьыгъэ кьэгъуэтынымэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъыбар гуапэ

Налшык и автобус къэувыIэпIэхэр къагъэщIэрэщIэж

Къалэм и автобус къэувыIэпIэхэм тращIыхьыну комплексхэр кьыхэхьыным тегуауэ интернет Iэтlэтыр иущащ. Къалэдэсхэм я нэхъыбэм кьызэралъытамкlэ, Лениным и уэрамым нэхъ хуагъэфащэр «Классик» павильонхэрщ.

АБЫХЭМ ящыщ зыр щагъэуващ Лениным и уэрамымрэ Толстоим и уэрамымрэ я зэблокIыпIэм деж. Иджы абы и Iэшэлъашэхэр зэIуэпэщ ящI, зыхуэфащэ Iэмэпсымэр падзащ.

Налшык къалэ округым и администрацие и пресс-Iуэхущапlэ.

● ФщIэн папщIэ: дзэ прокурорым къывгурегъаIуэ

Щраджэну пIалъэр хуагъэIэпхъуэну?

Дзэ прокурорым кьыхигъэщхьэхуакIащ «Дзэ кьулыкъур ехьэкIынымрэ дзэм къулыкъу щащIэным теухуауэ я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэмрэ я Iуэхукlэ» 1998 гъэм гъатхэпэм и 28-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №53-ФЗ-м кьыщыгъэлъагъуа хабзэхэхэм ятеухуауэ зэрагъэзэщIэр. Дзэ кьулыкъым ирадж зи ныбжьыр илъэс 18-м кьыщыщIэдзауэ 27-м нэс цIыхухъуэхэр. Ахэр дзэм ираджэ Урысей Федерацэм и Президентым и указхэм япкъ иткIэ. ЦIыхур дзэм ираджэ хъунукъым и ныбжьыр илъэс 18-м нэмысауэ.

ЗИ ГУГЪУ тщIа Законым и 23-нэ статьям ипкъ иткIэ дзэм кьулыкъу щащIэным теухуауэ я пщэ дэлъ къалэныр щхьэщах мыузыншэу кьахута цIыхухэм, «Альтернативэ граждан кьулыкъум и Iуэхукlэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №113-ФЗ-р и лъабжьэу апхуэдэ езыхьэхIэхэм е езыхьэхIэхэм, Урысей Федерацэм хамэ щIыналъэхэм ярищIыкIа зэгурыIуныгъэхэм ятепсэлъыхьауэ зэрыщытам и къулыкъу щезыхьэхIахэм.

Апхуэдэу дзэм ирамыджэну хуитныныгъэ яIэщ диссертацэр пхызыгъэкIа еджагъэшхуэхэм, я дзэ кьулыкъур щагъэзащIэм хэкIуэда зауэлIхэм я кьуэхэм, апхуэдэу дзэм ираджэу кьулыкъу щрахьэкIыным ягъуэта фбжьхэм е кьайуэлIа узым илыкIахэм я бынхэм.

А закон дыдэм и 24-нэ статьям щыубзыхуащ дзэ кьулыкъум щраджэну пIалъэр хуагъэIэпхъэуэн папщIэ щхьэусыгъуэхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, щраджэну зэманыр хуагъэIэпхъуэ зи узыншагъэм я щытыкIэр щыIэ мардэм кьызэримытIасэм кьыхэкIыну пIалъэкIэ дзэм кьулыкъу щащIэным хуэмыкьэзыру кьалъыта цIыхухэм, зи адэ-анэр, щхьэгъусэр, кьыдалъхуа и кьуэшыр, шыпхъэр, адэшхуэр, анэшхуэр е бын зыщIар зезыхьэжу абыхэм зи нэIэ зэпымыууэ ятезыгъэтын хуейхэм. Мыбдежьым кьыщыгъэлъэгъуапхъэщ: апхуэдэ хуитныныгъэ зратыр а ищхьэкIэ кьедбжэкIахэр зезыхьэн нэгъуэщI щыщымыIэм и дежщ, ахэр сыт и лъэныкъуэкIи кьэралым кьызэригъэпэщмэ, дзэ кьулыкъур ирихьэкIыну кьызэытехуэм а хуитныныгъэр фIокIуэщ. Апхуэдэу дзэ кьулыкъум щраджэну пIалъэр хуагъэIэпхъуэ я анэр ящхьэщыжыгъ бын зыпI адэхэм, зи ныбжьыр илъэсищым нэмыса бын ныкъуэдыкъуэ зиIэхэм, кьэралыкIуэ Iэхъуэхэмкlэ органхэм, мафIэсгъэнкIыфI кьэралыкIэ Iэнатlэм, тезырхэр щрахьэкIыным Iуэхущапсэхэм, таможнэ органхэм щIэныгъэ я нэхъыщхьэ зрагъэзгъуэта нэужь лэжьапIэ увахэм, сабийрэ уэндэгъуэ зэрыхъурэ тхъэмахуэ зэхуаку 26-м нэса щхьэгъусэрэ зиIэхэм.

Апхуэдэу дзэм щраджэну зэманыр хуагъэIэпхъуэныкIэ хуитныныгъэ яIащ кьэралыгъэ аккредитацэм щIэту курыт щIэныгъэ хэха щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм, ауэ абыхэм курыт щIэныгъэ ягъуэта иужь, кьулыкъур кьапоплъэ. Апхуэдэу зи гугъу тщIы хуитныныгъэр яIащ Iэщ Iагъэ кьэзыт еджапIэхэм щIэтIысхьэн ипкIэ псомэ я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ зымыгъуэтахэмэ. А хуитныныгъэр абыхэм кьагъэсэбэп хъунущ я ныбжьыр илъэс 20-м нэсыху. Бакалавриум и диплом, Iэщ Iагъэлъэ Iым и диплом е магистрым и диплом зимыIэхэм еджапIэхэр кьрагъэуухынущ кьэралым игъэува пщалъэхэм тету. Апхуэдэ дыдэу зэманыр хуагъэIэпхъуэ аспирантурэм, адъюнктурэм щIэсхэм. А псомэ пIалъэр хуагъэIэпхъуэ, кьэралым игъэува мардэхэм тету еджапIэр кьаухьухкIэ е Iэщ Iагъэ зрагъэгъуэтыхькIэ.

Нэгъуэщ1 фызыщ1эупщ1энухэр кьыкьуэкIмэ, зыхуэзгъазэ хъунущ фызыщ1ыпсэу щIыпIэм кьегъэщIыIа дзэ комиссариатым и кьудамэм.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я жэрдэмкlэ

«2019 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм пещэ

● Бахьсэн къалэ

«2019 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» Урысейпсо зэпеуэм и щIынальэ Iыхьэр Бахьсэн къалэ дэт 4-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ. Унэтlыныгъэ зэхуэмыдэхэмкlэ я Iэзэгъымрэ я зэфIэкIымрэ ягъэлъэгуащ республикэм и щIынальэхэм къикIа егъэджакIуэ 13-м.

МАХУЭШХУЭМ кърихьэлIа хьащIэ лъапIэхэм ящыщт КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и пашэ Азыхэ Светланэ, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Къуамыкъу Iэуес, КъБКъУ-м и проректор Къэжэр Артур, Бахьсэн щIыналъэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим сымэ, зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу зэIущIэм щыIащ республикэм и щIынальэхэм я щIыпIэ самоуправленэхэм я унафэщIхэр, школ унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр.

Махуэшхуэм иращIылIа пшыхьыр къызэIуаха нэужь, пэшым щIэсхэм ирагъэщIыхуащ зэпеуэм хэтыну егъэджакIуэхэр бжыгъэхэм хагъэдащ. КъыкIэлъыкIуэу ахэр я щIыпIэм самоуправленэхэм я унафэщIхэр, школ унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр.

Зэпеуэр къафэхэмкlэ, уэрэдхэмкlэ ягъэдэхащ Iуэхур щекIуэкI курыт школым и еджакIуэ цIыкIухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм кърикIуамкlэ хъыбар мыгувэу къыдигъэщIэнущ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныгъэ щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм цIыхухэм зэрыщахуэзэнур

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм ящыщу цIыхухэм яхуэзэнум и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр	ЦIыхухэм щалIущIэ махуэр	Зэманыр	Зрагъэтхын папщIэ зэрыпсэльыну телефоныр
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр**	Бзэрэжьеим	10.00 - 13.00	8(8662) 77-69-93
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и кьудзэ **Аттаев Жамал Жабир и къуэр**	Махуэжьм	14.00 - 16.00	8(8662) 77-68-23
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и кьудзэ **Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъур**	Гъубжьм	14.00 - 16.00	8(8662) 77-68-23
Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр**	Блыщхьэм	15.00 - 17.00	8(8662) 77-27-46
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и аппаратым и унафэщI **Дьяченкэ Аннэ Василий и пхъур**	Блыщхьэм	11.00 - 13.00	8(8662) 77-67-62
Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, щIалэгъуалэ политикэмкlэ, туризмэмрэ спортымкlэ комиссэм и тхьэмадэ **Дадэ Исмел Абузер и къуэр**	Мазэм и яп блыщхьэм	15.00 - 17.00	8(8662) 77-28-44
Социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэныкIэ, экологиемкlэ комиссэм и унафэщым и кьудзэ **Шинкарёвэ Наталье Пётр и пхъур**	Мазэм и яп гъубжьм	15.00 - 17.00	8(8662) 77-27-

Хэкум шынагъуэ къыщыщхьэщыхьэм

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм цIыхубзым кьахуихьауэ щыта насыпыншагъэхэмрэ бэлыхьэмрэ къыпхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ. Абыхэм ятеуэху хъыбархэм дыщыщIэдэIуэкIэ, фильмхэм дыщеплъкIэ, тхыльхэм дыщеджэкIэ, дэ, а зауэшхуэр Iуэрыпуэтэжу фIэкIа зымыльэгъуэхэм, дигури ди псэри мэуз а лъэхъэнэм хиубыда, апхуэдизу щыщIэныгъэрэ гугъуехьрэ зытелъа цIыхухэм папщIэ, «Пхуэмышэчын къыприлъхьэркъым», - жыхуиIэрщ адыгэ псалъэжьым, итIани, а псори, дауи, хьэлъэ дыдэт, балигъэсми сабийхэми я дежкIэ.



ХЭКУ зауэшхуэр къыщыхьеям щыгъуэ си адэм и къуэш нэхъыжь дыдэ Хьэзиз илъэс 18 ирикъуа къудейт. Ар я бын пажэт ЦIыхьэлыкъуэ кьуажэм дэс Къардэн зэщхьэгъусэхэу Муратрэ Лицэрэ. 1923 гъэм кьалъхуа Хьэзиз кьыкIэлыкIуэу зауэлI щыгъуэм кьихъуат Сурэтхъан (Цацэ) цIэ дахэр зиIэ хъыджэбз закъэр, щIалэ нэхъыщIэхэу Къаншэбийрэ Тамбийрэ. Зэщхьэгъусэхэр псэурт, властыщIэм деклуу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, пщIэрэ нэмысрэ яку дэлърэ я бынхэм хуаIэ хъуэпсапIэхэр нахуаплIэ зэращIыным хущIэкъуу. Сабийхэри кьэхъурт жыIэщIу, щIэныгъэм хуэпабгъэу, курыт школыр фIы дыдэу кьэзыуха Хьэзиз я щапхъэу. Юрист Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтыну щIэхъуэпс а щIалэщIэм и мурадт езджэным адэкIи пищэу и гуращхэм яльэIэсыну...

Совет цIыхубэм ящыщ зы унагъуэ закъуэм илъэ щытыкIэт эи гугъу сщIыр. Иужькъ Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтыну щIэхъуэпс а щIалэщIэм и мурадт езджэным адэкIи пищэу и гуращхэм яльэIэсыну...

- Нэмыцхэр зэрызехьэ хъуат. Нэм щIэIэбэр умыльагъуу ихъуреягъыр кIыфIт. Сэри узыр кхысфIэмыIуэхуу, си псэр а щIыпIэм кхъузэрисхьным сыхущIэкъуу ди лъэныкъуэмкIэ сыкъэпщырт, - игу кьиригъэкIыжыр Хьэзиз а жэщыр. - Абдежым зэуэ сыдджрэзу зыщIыпIэ сихуащ. Ар шыпсыранэ изу зэрыт мащэ гуэрт. Зызгъэхъеиху шыпсыранэм сыкъиусу, псори зэщIэсабырэжыху зизгъэпщкIухьащ а мащэм. ИужькIэ сакъ дыдэурэ сыкъипщыжри, нэхущым ирихьлIэу ди дейхэм я деж сыкъэкIуэжауэ щытащ.

Къардэным кхьиха хъыбархэм мыхьэнэшхуэ иIэу къыщIэкIат штабым и дежкIэ. Абы щыгъуэ си адэ къуэшым кхыхагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэ орденым и 1-нэ гъыщIэр.

Уlэгъэщым щIэлъу зигъэхъужа нэужь, Хьэзиз зауэ Iэнатlэм Iухьэжащ. 115-нэ шууей дивизэр Сталинград фронтым хагъэхьэжати, абы и 91-нэ фочауэ полкым хэхуащ ар. Абы хэту Хьэзиз щызэуащ Курск, Орёл кьалэхэм я Iэшэлъашэм, Сталинград деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. Иужькъ 4-нэ шууей корпусым хэту Хьэзиз зауэ гъэзагуанэм пищащ икIи Берлин нэсащ.

ТекIуэныгъэм и махуэм ар ирихьэлIащ Iуэгъэшым щIэлъу. Зэхэуэхэм ящыщ зым ар аргуэру уIэгъэ щыхъат, иджы и бгъэгум хуэзэу. СощIэж: дыщыщIыкIым абы дельэIуртт жедгъэIэжырт зауэшхуэм теуху хъыбархэр. И бгъэгум телъ уIэгъэ лъэужь кIыхьым икIи куум нэрылъагъу дыдэ къыпщищIыкIт икIи кхыбГуригъаIуэрт ар кхъузэрыгуэкI фэбжьу зэрыщымытар. Сэшхуэм кьигъэна лъэужьыр апхуэдизу куути, дгъэщIагъуэрт, дыщеплъкIэ. Хьэзиз зэрыжэкIмкIэ, уIэгъэ хъууэ шыплIэм кьихуа нэужь, абы гу кьылъатащ я гъусэ санитар цIыхубзым. Абы зэрыжиIэжымкIэ, а бзылъхугъэ цIыкIум и фIыгъэщ ар кьыззрелар: кьилъэфурэ ар зэуапIэм кьрихьифат абы.

А хъыбарыр щыжиIэжкIэ, ди анэшхуэр дапщэщи пихьэрт, и бын пажэр зыпхыкIа гугъуехьхэмрэ бэлыхьэмрэ псэкIэ зыхищIэу. Апхуэдэуи абдеж нанэ сыт щыгъуи фIыщIэ ин хуищыкрт Алыхьым, къыкIэлъыкIуэу а урыс санитар бзылъхугъэ цIыкIум икIи ехьэхъэурт абы нэхърэ нэхъ гугъуехь игъащIэ псокIэ имылъагъуу куэдрэ псэуну. Нанэ игу зэрыхэщIым дэри ди гъын кьигъакIуэрти, ди нэпсхэр щIэтлъэщыкIыкIу дабгъэдэст.

Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ иухыу мазихи дэкIыжа нэужькI Хьэзиз унэм кьыщыкIуэжыфар. Дауи, ар гуфIэгъуэшхуэт абы и адэ-анэм, и щыпхъу закъуэм, и къуэш нэхъыщIэ цIыкIуитым я дежкIэ. Абы и бгъэгум щылыдырт Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщIэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Германием дызэрыстекIуам папщIэ» медалхэр, къыхуагъэфэщат Сталиным и Iэр зыщIлъ щытхъу тхылъ, нэгъуэщIэхэр. Псэууэ зауэм кьикIыжа адрей къуажэдэсхэми хуэдэу, абы и кьару куэд ирихьлIащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъуэ цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжьыным. Щыгъупщакъым зауэм и пэкIэ иIа къуэпсапIэр: юрист Iэщ1агъэм щыхуеджащ Саратов дэт къэрал юридическэ институтым (иджы академиещ), цIыхубэ судым иужьрэ куэдкIэ щылэжьащ. Тенгэ кIуа нэужь, нэгъуэщI хабзэкъымэ Iэнатlэхэм щылащ.

Хьэзиз унагъуэ дахэ иIащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуатИслъэмей къуажэм щыщ бзылъхугъэ дахэ дыдэ: Iэпщэхэ япхъу Улэ. Ахэр дадэрэ нанэрэ кьаБгъэдэнат. Хьэзиз рэ Улэрэ бын яIэтэхъыми, адрей и шыпхъэщIэхэр унагъуэ хуэуэ сабийхэр: ягъуэтыжа нэужь (ар дадэрэ нанэрэ я унафэу кьыщIэкIынт) зэщхьэгъусэхэм дратауэ щытащ си адэ къуэш курытым и бынхэм (ахэр зэкъуэшищрэ зы шыпхъу закъуэхэр хъурт) ящыщу Арсенрэ (и ахърэтыр нэху Тхъэм ищI) дэ зэрыбынем (дэ зэшыпхъуищрэ зы дэпхъурэ дыхъурт) тщыщу сэри. Си адэ-анэм и бын нэхъ Iэщ1эу щыт сэ ильэсыпIым сыщIигъуауэ къыщIэкIынт абы щыгъуэ. Сэ Iупщ1 дыдэу сощIэж зэшыпхъуищым ди дэпхъу закъуэ Володя Хьэзизэ я деж накIуэрэ сыкъудигъужу зэрыщIтар. Иужькъ нанэ накIуэрт, «сабийр къыдэсэну Iэмал ептыркъым!» жиIэурэ абы ешхыдэрти, си Iэпэр ибигъэу сыкъыщIэжырт «бурмамэрэ» я дежкIэ (кьыздикIари сымыщIэу, арат абыхэм дызэреджэр зэшхэм кьащIэхъуа бынийри). Си дэпхъум апхуэдэурэ зыбжанэрэ сыкъидигъужа нэужь, нанэ ешри, ди дежкIэ сакъыхуигъэнэжащ зыщтащ. Апхуэдэу хъуамиу, сэ сыт щыгъуи кьысфIэщыкIыр. Хьэзиз псоми сахиплъагъкIыу. Школым сыщыщIэсами, Налшык, Москва кьаIэзэм сыщыщеджами, ехьэулIэныгъэ гуэрхэр зыIэрызгъэхьэмэ, абы япэу сызэрыдэгуэшэным сыхуущIэкIт. Курыт школыр кьащIэзуха илъэсым ар хуеят гъэшкуиха еджапIэ нэхъыщхьэм сыщIигъэтIысхьэну, щылэжьа судми кьрьеру сигъэуват. АрщхьэкIэ сэ си гур зыхуеIэр нэгъуэщI Iэщ1агъэти, а псори Iэщ1ыб сщIауэ щытащ.

ТекIуэныгъэм и махуэхэм дежь Хьэзиз дыщыщхэузэсыт дадэрэ нанэрэ кьатехъуакIа псори. Абыхэм я пщIэм, абы кьихуагъэфэщауэ щытащ нэхъ лъапIэ дыдэу езым кьиIыпIэу щыта «И хахуагъэм папщIэ» медалыр. Сталинград кьалэм зэрыпхъуакIуэхэр дахужа нэужь, ар ягъакIуэ 6-нэ хьэуа десантыдзэм.

Сержант нэхъыжь Ныбжькъ Хьэмид полкым къыдыхэта, 6-нэ гвардие хьэуа дивизэм и езанэ батальоным и нэхъыщхьэ щыта майор Муравьев Александр ди хэкуэгъу зауэлI хахуэм кьихуигъэхьауэ щыта тхыгъэм кьызэрыщыжыжмкIэ, 1943 гъэм Демьяновкэ деж бий гупыр щызэтрагъкуэта нэужь, ди зауэлIхэр дохьэ Крестцы жылагъуэ цIыкIум. А щIыпIэм уцыжэуэну егъэлеяуэ гугъут. ИхъуреягъкIэ псыпIэтIи, окоп кьэптIын дэнэ кьэна, тэмэму ущызекIуэфыртэкъым. Ауэ абдежым щекIуэкIа зэхэуэр ди сэлэтхэм я текIуэныгъэкIэ иухат.

Парашют десантым хэт зауэлIхэр Курск льэныкъуэмкIэ игъэIэпхъуа нэужь, Старый Оскол деж зыщагъэбыдащ. Муравьевым и гукъэкIыжхэм кьызэрыщыжмкIэ, нэхъ зэхэуэ гуащIэ дыдэу щытахэм ящыщщ Курск пэмыжьжьэу, Яковлевкэ деж щекIуэкIа зауэр. А зэхэуэшхуэм хахуагъэ ин кьыщигъэIэгъуащ Хьэмид.

Муравьевым зэрыжиIэжамкIэ, Ныбжькъыр яхэтащ бийм и танккэм лIыхъужьыгъэ хэлъуебгъэрыкIуахэм. Абы кьищынэмыщIауи, уIэгъэ хъуа ди сэлэт, офицер куэд зэуапIэм къыуихащ.

- Мыр кьыщыхъуар Днепр псым дыщызэпрыкIхэм щыгъуэт. Абдеж унафэ кьаIэрыхьат полкыр зэрагъэуIуу, плащдармыр кьащтэну. А жэщым Ныбжькъыр псым зэпрыкIри кьищIат пщэдджыжьым ирихьэлIэу полкыр сыт хуэдэ зэуапIэ Iухьэн хуейми. А лэжьыгъэр абы гъуэзэджэу кьызэригъэпэщат. 1943 гъэм шыщхьэIуэ и 6-м сихьэтитхум топгъуэхэм уэн щIадзащ. Километр 90-м нэскIэ кIуэта нэужь, Белгород кьалэр хуит кьащIыжащ, - щыжиIэ Муравьев и гукъэкIыж тхыгъэхэм.

Зэхэуэр мэз лъэныкъуэмкIэ щекIуэкIыщт. Дэ нэхъ ищхьэрэIуэкIэ, Бессарабием и щыгъунэм пэгъунэгъуэ, дыщызауэрт. СощIэж, уэ псым уэзэрыкIыу «бзэгу» щхьэхуну кьалэн къыпщащIауэ зэрыщытарэ. Уэ ар хъарзынэу зэрызэфIэбгъэкIам и фIыгъэкIэ, дэ кьэтщIащ бийм нэхъ зыщигъэбыда щIыпIэр. Мыгувэуи понтон лъэмыкIыр Днепр псым теддзэри, Кьухьэпlэ лъэныкъуэкIэ зеттауэ дызэпрыкIащ, абыи уи фIыгъэшхуэ хэлъщ, - къиIуэтэжат Хьэмид къыдэзэуа сэлэтым.

Знаменкэ кьалэр хуит кьыщащIыжым заэуэр егъэлеяуэ гуащIэу екIуэкIырт. Пулемёт зэрыт быдапIэм кьиукI фашистхэм ди полкым зичыпIэ къратыртэжым. Ныбжькъым кьалэн кьыщащI, сыт къэмыхъуами, а быдапIэр кьищтэн хуейуэ. ЗауэлIыр абы йопщыкIэ, гранатэ иредзэри, а щIыпIэр щхэу кьэкIу, ауэ иужьыкIуэ Хьэмид, - а автомат лъапIэ маркьыр. А екъулIэныгъэм сэлэтхэр апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, ар яIэтырт.

АдэкIэ ди дзэм къыпэщIэтт нэмыщ1 танк дивизэкъуэ «Мертвая голова», «Викинг» жыхуаIэхэр, СС-м и лъэсыдзэхэр. Ауэ а зэхэуэри ихат Ныбжькъыр зыхэт советыдзэхэм я екъулIэныгъэкIэ, Знаменкэ кьалэр кьащтат.

ЩхьэлыкIыуэ щыщ щIалэр зыщхьэмыгъазэу хэтащ Харьков, Полтавэ, Кременчуг, Умань кьалэхэр, Корсунь-Шевченкэ районыр кьэзыщтахэм, апхуэдэуи Днестр псым зэпрыкIахэм ящIыгъащ.

ЕтIуанэ Украин фронтым хэту Ныбжькъыр ящIыгъащ бий залымым Молдовэр, Румыниер, Венгриер, Австриер кьыIэщIэзыгъэкIыжахэм.

Ар дэнэ щымызэуами е сыт хуэдэ Iэнатlэ Iумыхьами, и ныбжьэгъуэхэм ягъэщIагъэмкIи хэлъ лIыгъэр, и псэ зэрелыбгъэжыр. Абы и щыхъэщ ди хэкуэгъу зауэлI хъыжьым кьыхуагъэфащауэ щыта кьэрал дамыгъэ лъапIэхэр: Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщIэхэр. Багъуэ Плыжьк орденыр, «И хахуагъэм папщIэ» медалыр, нэгъуэщIхэри.

Командующэ нэхъыщхьэ, Совет Союзым и Маршал Сталин Иосиф кьыбгъэдэкIыу 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м фIыщIэ тхылъ кьыхуигъэхьауэ щытащ. Абы итщ: «Дэз советыр кьохъуэхъу, быдзэуи кьыпщIогуть ди кьэралым и бий нэхъыщхьэм ешрэ шынэрэ умыщIэу адэкIи уебэныну, бийр и кIэм нэс зэтепкIутэну».

Псом хуэмыдэу Хьэмид нэхъ игу кьинэжаxэм ящыщт Украинэм щыщ Кременчуг кьалэм деж щекIуэкIа зауэр. Нэмыцэ командованэм я кьалэм дзэшхуэ, зауэ техникэ куэд щызэщIигъэIуат.

- МахуихкIэ дэ абы зауэ хьэлъэ щедгъэкIуэкIащ. Дызыдыхьэ дэтхэну зэ уэрамми, уеблэмэ унэ къэси дыщызэуэн хуей хъурт, зым Iэщ1ыхьэр адрейм иубыдыжу. А зэхэуэ гуащIэм кIэух имыIэжыну кьыштщIхурт. Ауэ фашистхэм яхуэмыщIэчыжу икIуэту хуежьащ. 1943 гъэм фокIадэм и 29-м дэ кьэлэр кьэтщтащ, - игу кьиригъэкIжат Хьэмид.

Ныбжькъыр а зэхэуэ гуащIэм уIэгъэ щохьу, ауэ медсанбатым куэдрэ зыщимыIэжьауэ, и Iэблэ уIэгъэри пхауэ, «И хахуагъэм папщIэ» медаль етIуанэри хэлъу и частым хохьэж.

Нэмыцэр икIуэтми, кьыщыцIувыIа щIыпIэхэм деж лъэщу зыщигъэбыдэрт.

1945 гъэм гъатхэпэм и 25-м Словакием и Грон псым Ныбжькъым и гупыр щызэпрыкIым, лIыхъужьыгъэ ин кьиригъэлъэгуат. Теков-Шарлугэ кьуажэр кьыщащтэм, ди хэкуэгъур псом япэ абы дыхьэри щIыхиущ зэрыс, шэхэри куэду зэрылъ автомашинэр кьигъуат.

1946 гъэм хуит кьащIыжри, Хьэмид дзэм кьыхэкIыжащ. Зауэм кьыхуиха фэбжьхэм я Iэужьу, зэрыныкъуэдыкъуэмкIэ тхылъ иIэми, абы щхьэкIэ кьиныкъуэнэу, колхозым и бригадиру ягъэуври, а Iэнатlэр хьэлэлу ирихьэкIащ. ИужькI хабзэхъумэ органхэм ираджри, пенсэм кIуэху абы щылэжьащ.

Тыысыжа нэужьи Iухэунщэу зэи щысасхьэм Ныбжькъыр. Ар щIэх-щIэхьыгъэ ирагъэблагъэт школхэм, и зауэ гъэугуанэхэр иIуэтэжу езджакIуэхэм я пащхьэм кьыщыпсалъэрт.

Къыдзэзуахэм я письмохэр Хьэмид псэуху кьыIэрихьащ.

Зауэм къыдыхэта, Новосибирск щыпсэу Александр Гаврилович (и унэцIэм дыкъеджэфакъым) и тхыгъэм дыкъыщоджэ: «Сэлам гуапэ фызэх, Хьэмид, уэри уи унагъэми!

Къыхуэгъэгъу куэд щIауэ сызэрыпэмыстхэкIыр. Абы лъандэрэ илъэс пэ дэкIащ, сэри щхьэусыгъэгъу гуэркэр сиIащ. Ауэ псом нэхъэ нэхъыщхьэу ар къызыхэкIар уи адресыр зэрысфIэкIуэдарт. Хьэмид, упсэу дызэрыпшымыгъущэм папщIэ!

АБЫ ПЪАНДЗРЭ илъэс тхущIрэ щырэ дэкIащ, ауэ сэ псори фIы дыдэу сощIэж. Ди ныбжьэгъу Мораубев Александр Иван и къуэм и гъусэу зытребгъэхауэ щыта фи сурэти сиIащ.

Хьэмид, уэ къыбдотх къиущ уиIэу. Ар си гуапэ хуэдэ икIи къысщохъу а щыри уэ уэщхьу губзыгъэхэу, лъэрызехьэхэу. Уэ ди гъусэу зэуа щIалэхэр зэрыпщIымыгъупщэри си гуапэ мэхъу, ауэ абыхэм я нэхъыбэр дунейм тетыжкъым.

Къысхуэтх сыт хуэдэу упсэуми, уи къуэхэми, уи къэрыпIъхуэхэми я IэхъущIафэхэми щыгъуазэ сыхуэщI».

Ныбжькъым ихъумэрт мыпхуэдэ тхыгъэ куэд. УмыгъэщIэгъэн плъэкIыртэкъым мы нэхъыжьыфIхэм я гумащIагъэр, зыр адрейм и узынщагъэм щIэупщIэу, тегузэвыху зэхуэтхэу зэрыщытар. Зэман кIыхь. Абы щIэкIами, абыхэм я зэныбжьэгъуэгъэ нэхъ кIащIэ хьэуатхъым. А нэхъыжьыфIхэм кьагурыIуэрт адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэри гъащIэм, зауэ гуащIэм хуэзэ зэрызэхуищIар, ди ТекIуэныгъэр дэтхэнэ зы цIыхуми елытауэ зэрыщытар.

Хьэмид зауэм щигъэва хьэзабыр ирикъунт, нэгъуэщI гуаэу адэкIи имылъэгъуами. Ауэ, Тхъэм къыпхуиухам уфIэкIыфынукъым. Ныбжькъым ильэгъуащ нэхъ гуаэ дыдэу дэтхэнэ зы адэ-анэми я нэгу щIэкIынкIэ хъунур - абы и щIалипIым ящыщу тIур щIилъхьэщ. Илъэс 90-м нэблагъэкIэ псэуа дадэ згъурлир нобэ кьытхэмытыжми - абы кьигъэна лъэужь дахэр мыкIуэдыжьынщ. Арауэ ар цIэр Щхьэлыкъуэ хуэужьам и уэрам нэхъыбдхэм ящыщ зым хуэфащэу щIэзэрихьэри...

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

ЛIыгъэкIэ псыхьа гъуэгуанэ

• Очерк

Псэр сыт хуэдизкIэ мыIэфIми, абы нэхъ лъапIэ щымыIэми, хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм, напэм папщIэ ар зытыфхэр, зытыну хьэзырхэр сыт щыгъуи гъунэжщ. ИкIи апхуэдэ цIыхухэрщ зи фIыщIэр мы дунейр нобэми щIэращIэу,efIакIуэ зэпыту щIыщытыр. Гуимыхужщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр абы хиубыда дэтхэнэ зым дежкIи. Абыхэм хьэзабу ягъэвам цIыху псори Алыхьым щихъумэ.

ИЛЪЭСХЭР кIуэху, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэр нэхъ мащIэ хуэ зэпытщ. Ди Щхьэлыкъуэ къуажэшхуэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, зауэм хэта зыри дэсыжкъым. УмыгъэщIэгъэн плъэкIырхъым а зауэ гуащIэм хэтахэр уаIэу, я гур зIухауэ, псэ кьабгъэ яIэу кьызэрызэтенари. Апхуэдэ хуабагъ сэ дэслъэгъуат ди къуажэм щыщ Ныбжькъ Хьэмид. Езыр зэрымыпсэужрэ илъэс бжыгъэ дэкIами, нэгум ноби щIэтщ зэгуэр лIы бжьыфIэу зэрыщытам и нэщэнэу кьызэтена и Iэпкъльэпкъ уардэмрэ абы Iэфlагъэу, гуапагъэу хэлъамрэ.

Кузбжэпэм гуапэу къыщыспежьауэ щыта а нэхъыжьыфIым нэфIэгуфIэу си Iэр къиубыдат: «ЩIыIэм уисащ. Апэщ1ыкIэ шей пщтыр тIэкIу ефи зыгъэхуэбжэ», жиIэри, пщэфIапIэмкIэ сригъэблэгъат. СымыгъэщIэгъэни слъэкIатэкъым абы хэлъа гулъытэр, зэхэщIыкIыр, езым нэхъыщIэхэр игъэгушхуэфу, нэжэгужэу зэрыщытар.

Ныбжькъ Хьэмид Хьэлым и къуэр Шэджэм куейм хьихьэ ЩхьэлыкIуэ къуажэм щыщ кьызэрыгъэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1917 гъэм кьыщалъхуащ. Езыр илъэс пщIыкIытI фIэкIа мыхъуауэ, и анэр дунейм ехьжащ. ЩIалэ цIыкIм нэсу зы-хищIащ Iэщ1экIа анэ бгъафэм и лъапIагъыр. ГъэпщкIуауэ нэпс щыщIигъэкI кьыхуихуэмии, кьыдалъхуахэм я нэхъыжь Хьэмид кьыгуроIуэ и гур игъэбыдэу, и къуэш щIыкIуэм и нэIэ ятригъэтын, я гуауэр ящIгъэпсынщIэн зэрыуейр. Ауэ унагъуэм ишэч хьэзабым кIэух имыIэ хуэдэт. УхуакIуэ бригадэм хэту ла-жьэ и адэрэ кьуажэм дащIыхь школым и унащхьэм кьохуэхэри, абы хиха фэбжь хьэлъэм кьемылу, 1935 гъэм дунейм йохьэж.

Зи адэ-анэр зыщхьэщыкIуирикIыу зеиншэ дыдэу кьэна сабииплIым я нэхъыжь Хьэмид, класситху фIэкIа кьимыкуэу, колхозым хохьэ. Зи Iэпкъльэпкъыр иджыри нэсу зэрымыубыда ныбжьщIэм и пщэ кьыдохуэ унагъуэ зехьэнэр, и шынэхъыщIэхэр зыхуей хэгъэзэнэр. Ар сыт хуэдэу хьэлъэу щымытами, гъжьыгъэм, гугъуехьым щIыхур епсыхь жыхуаIэращи, щIалэщIэуэ пикуэтатхъым Тхъэм кьыхуищIам. Илъэсхэр блокIэ. TIэкIу зыкьыдоужь щыжаIэм, 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр кхохьэл. Ныбжькъыр иращджэ Дзэ Плъыжьым. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэту Хьэмид щозэуэ Тэн псым и Iэшэлъашэхэм, Прохоровкэ, Мартыновкэ къуажэхэм, Сал губгъэм. А псэзэпылъхьэпIэ зауэхэм кьыдыхэтащ и кьуажэгъуэху Гъущ1ынэ Хьэжмурат, Шыкъ Хуэмгъуэт, Тау Сэфрэ1ил, Жэгъун Хьэзешэ сымэ. Апхуэдэуи и гъусахэщ Аушыджэр кьуажэм щыщу Шэшэн Сэфарбий Бэтокъуэ и кьуэр. Ар батальоным и командиру Еханэ хьэуа дивизэм хэтащ, Венгрием щыхэкIуэдащ. Кьармэхьэлъэ щыщ Кьармэ Исуфи и гъусащ. Исуф «Тигр» танкым япэу пэщIэувахэм ящыщащ, Ныбжькъым кьызэрыIуэтэжауэ щытамкIэ. Окопым кьипщщ, танк кьыхуэкIэм епщылIэщ, зи локьыщхьэр техауэ илъэгъуэ машинэ шынагъуэм гранатэ иридзэри, кьиргъэуауэ щыта щ.

Иужькъ Хьэмид щIэзэуащ Сталинград и Iэгъублагъэхэм. А кьалэр ихъумэурэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ, абы кьихуагъэфэщауэ щытащ нэхъ лъапIэ дыдэу езым кьиIыпIэу щыта «И хахуагъэм папщIэ» медалыр. Сталинград кьалэм зэрыпхъуакIуэхэр дахужа нэужь, ар ягъакIуэ 6-нэ хьэуа десантыдзэм.

Сержант нэхъыжь Ныбжькъ Хьэмид полкым къыдыхэта, 6-нэ гвардие хьэуа дивизэм и езанэ батальоным и нэхъыщхьэ щыта майор Муравьев Александр ди хэкуэгъу зауэлI хахуэм кьихуигъэхьауэ щыта тхыгъэм кьызэрыщыжмкIэ, 1943 гъэм Демьяновкэ деж бий гупыр щызэтрагъкуэта нэужь, ди зауэлIхэр дохьэ Крестцы жылагъуэ цIыкIум. А щIыпIэм ущызэуэну егъэлеяуэ гугъут. ИхъуреягъкIэ псыпIэтIи, окоп кьэптIын дэнэ кьэна, тэмэму ущызекIуэфыртэкъым. Ауэ абдежым щекIуэкIа зэхэуэр ди сэлэтхэм я текIуэныгъэкIэ иухат.

Парашют десантым хэт зауэлIхэр Курск льэныкъуэмкIэ игъэIэпхъуа нэужь, Старый Оскол деж зыщагъэбыдащ. Муравьевым и гукъэкIыжхэм кьызэрыщыжмкIэ, нэхъ зэхэуэ гуащIэ дыдэу щытахэм ящыщщ Курск пэмыжьжьэу, Яковлевкэ деж щекIуэкIа зауэр. А зэхэуэшхуэм хахуагъэ ин кьыщигъэIэгъуащ Хьэмид.

Муравьевым зэрыжиIэжамкIэ, Ныбжькъыр яхэтащ бийм и танккэм лIыхъужьыгъэ хэлъуебгъэрыкIуахэм. Абы кьищынэмыщIауи, уIэгъэ хъуа ди сэлэт, офицер куэд зэуапIэм къыуихащ. А жэщым Ныбжькъыр псым зэпрыкIри кьищIат пщэдджыжьым ирихьэлIэу полкыр сыт хуэдэ зэуапIэ Iухьэн хуейми. А лэжьыгъэр абы гъуэзэджэу кьызэригъэпэщат. 1943 гъэм шыщхьэIуэ и 6-м сихьэтитхум топгъуэхэм уэн щIадзащ. Километр 90-м нэскIэ кIуэта нэужь, Белгород кьалэр хуит кьащIыжащ, - щыжиIэ Муравьев и гукъэкIыж тхыгъэхэм.

Зэхэуэр мэз лъэныкъуэмкIэ щекIуэкIыщт. Дэ нэхъ ищхьэрэIуэкIэ, Бессарабием и щIыпIэ гъунэм пэгъунэгъуэ, дыщызауэрт. СощIэж, уэ псым уэзэрыкIыу «бзэгу» щхьэхуну кьалэн къыпщащIауэ зэрыщытарэ. Уэ ар хъарзынэу зэрызэфIэбгъэкIам и фIыгъэкIэ, дэ кьэтщIащ бийм нэхъ зыщигъэбыда щIыпIэр. Мыгувэуи понтон лъэмыкIыр Днепр псым теддзэри, Кьухьэпlэ лъэныкъуэкIэ зеттауэ дызэпрыкIащ, абыи уи фIыгъэшхуэ хэлъщ, - къиIуэтэжат Хьэмид къыдэзэуа сэлэтым.

Знаменкэ кьалэр хуит кьыщащIыжым заэуэр егъэлеяуэ гуащIэу екIуэкIырт. Пулемёт зэрыт быдапIэм кьиукI фашистхэм ди полкым зичыпIэ къратыртэжым. Ныбжькъым кьалэн кьыщащI, сыт къэмыхъуами, а быдапIэр кьищтэн хуейуэ. ЗауэлIыр абы йопщыкIэ, гранатэ иредзэри, а щIыпIэр щхэу кьэкIу, ауэ иужьыкIуэ Хьэмид, - а автомат лъапIэ маркьыр. А екъулIэныгъэм сэлэтхэр апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, ар яIэтырт.

АдэкIэ ди дзэм къыпэщIэтт нэмыщ1 танк дивизэкъуэ «Мертвая голова», «Викинг» жыхуаIэхэр, СС-м и лъэсыдзэхэр. Ауэ а зэхэуэри ихат Ныбжькъыр зыхэт советыдзэхэм я екъулIэныгъэкIэ, Знаменкэ кьалэр кьащтат.

ЩхьэлыкIыуэ щыщ щIалэр зыщхьэмыгъазэу хэтащ Харьков, Полтавэ, Кременчуг, Умань кьалэхэр, Корсунь-Шевченкэ районыр кьэзыщтахэм, апхуэдэуи Днестр псым зэпрыкIахэм ящIыгъащ.

ЕтIуанэ Украин фронтым хэту Ныбжькъыр ящIыгъащ бий залымым Молдовэр, Румыниер, Венгриер, Австриер кьыIэщIэзыгъэкIыжахэм.

Ар дэнэ щымызэуами е сыт хуэдэ Iэнатlэ Iумыхьами, и ныбжьэгъуэхэм ягъэщIагъэмкIи хэлъ лIыгъэр, и псэ зэрелыбгъэжыр. Абы и щыхъэщ ди хэкуэгъу зауэлI хъыжьым кьыхуагъэфэщауэ щыта кьэрал дамыгъэ лъапIэхэр: Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщIэхэр. Багъуэ Плъыжь орденыр, «И хахуагъэм папщIэ» медалыр, нэгъуэщIхэри.

Командующэ нэхъыщхьэ, Совет Союзым и Маршал Сталин Иосиф кьыбгъэдэкIыу 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м фIыщIэ тхылъ кьыхуигъэхьауэ щытащ. Абы итщ: «Дэз советыр кьохъуэхъу, быдзэуи кьыпщIогуть ди кьэралым и бий нэхъыщхьэм ешрэ шынэрэ умыщIэу адэкIи уебэныну, бийр и кIэм нэс зэтепкIутэну».

Псом хуэмыдэу Хьэмид нэхъ игу кьинэжаxэм ящыщт Украинэм щыщ Кременчуг кьалэм деж щекIуэкIа зауэр. Нэмыцэ командованэм я кьалэм дзэшхуэ, зауэ техникэ куэд щызэщIигъэIуат.

- МахуихкIэ дэ абы зауэ хьэлъэ щедгъэкIуэкIащ. Дызыдыхьэ дэтхэну зэ уэрамми, уеблэмэ унэ къэси дыщызэуэн хуей хъурт, зым Iэщ1ыхьэр адрейм иубыдыжу. А зэхэуэ гуащIэм кIэух имыIэжыну кьыштщIхурт. Ауэ фашистхэм яхуэмыщIэчыжу икIуэту хуежьащ. 1943 гъэм фокIадэм и 29-м дэ кьэлэр кьэтщтащ, - игу кьиригъэкIжат Хьэмид.

Ныбжькъыр а зэхэуэ гуащIэм уIэгъэ щохьу, ауэ медсанбатым куэдрэ зыщимыIэжьауэ, и Iэблэ уIэгъэри пхауэ, «И хахуагъэм папщIэ» медаль етIуанэри хэлъу и частым хохьэж.

Нэмыцэр икIуэтми, кьыщыцIувыIа щIыпIэхэм деж лъэщу зыщигъэбыдэрт.

1945 гъэм гъатхэпэм и 25-м Словакием и Грон псым Ныбжькъым и гупыр щызэпрыкIым, лIыхъужьыгъэ ин кьиригъэлъэгуат. Теков-Шарлугэ кьуажэр кьыщащтэм, ди хэкуэгъур псом япэ абы дыхьэри щIыхиущ зэрыс, шэхэри куэду зэрылъ автомашинэр кьигъуат.

1946 гъэм хуит кьащIыжри, Хьэмид дзэм кьыхэкIыжащ. Зауэм кьыхуиха фэбжьхэм я Iэужьу, зэрыныкъуэдыкъуэмкIэ тхылъ иIэми, абы щхьэкIэ кьиныкъуэнэу, колхозым и бригадиру ягъэуври, а Iэнатlэр хьэлэлу ирихьэкIащ. ИужькI хабзэхъумэ органхэм ираджри, пенсэм кIуэху абы щылэжьащ.

Тыысыжа нэужьи Iухэунщэу зэи щысасхьэм Ныбжькъыр. Ар щIэх-щIэхьыгъэ ирагъэблагъэт школхэм, и зауэ гъэугуанэхэр иIуэтэжу езджакIуэхэм я пащхьэм кьыщыпсалъэрт.

Къыдзэзуахэм я письмохэр Хьэмид псэуху кьыIэрихьащ.

Зауэм къыдыхэта, Новосибирск щыпсэу Александр Гаврилович (и унэцIэм дыкъеджэфакъым) и тхыгъэм дыкъыщоджэ: «Сэлам гуапэ фызэх, Хьэмид, уэри уи унагъэми!

Къысхуэгъэгъу куэд щIауэ сызэрыпэмыстхэкIыр. Абы лъандэрэ илъэс пэ дэкIащ, сэри щхьэусыгъэгъу гуэркэр сиIащ. Ауэ псом нэхъэ нэхъыщхьэу ар къызыхэкIар уи адресыр зэрысфIэкIуэдарт. Хьэмид, упсэу дызэрыпшымыгъущэм папщIэ!

АБЫ ПЪАНДЗРЭ илъэс тхущI

«Мамырыгъэм и жьэгур» жыджэру мэлажьэ

● Щ1э

Бэрбэч Хьэтіытіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ къыщызэІуахащ щІэныгъэ конференцымрэ джэгукІэ мардэхэмрэ щызэхэухуэна зэІущІэ.

ЛЪЭПКЪ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) щылажьэ апхуэдэ Іэнатіэм и Кавказ щапхъэ хуэдэу щыт «Мамырыгъэм и жьэгум» (CaucasMUN) жыджэру хэтынущ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ курыт школхэм я еджакІуэ нэхъыжьхэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьынущ зыгъэпІейтей Іэхуэхэм, зыхуагъэсэнущ дипломатием, утыку итыкІэ мардэхэм, псэлъэкІэм.

КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм хъыбар къыз зрыдгъэщІамкІэ, «Мамырыгъэм и жьэгум» и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ КъБКъУ-р зыдэлажьэ «CaucasMUN» Кавказпсо Іэнатіэр, Налшык дэт гимназие №94-р, «Урысей зэкъуэтым» и ныбжьыщІэ гвардием ди щІыналъэм щІэ къудамэр. Іэхуэгъуэщ1эм и ялпэ зэхуэсым къырихьэлІащ Налшык къалэ администрацэм и ЛІыкІуэхэр, ди республикэм щылажьэ курыт школхэм я унафэщІхэр, КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ, гимназие №94-м и дипломатие Іэхуэм хуэгъэпса и классым и еджакІуэхэр, Владимир къалэм дэт къэрал университетым къикІа гупышхэр.

- ООН-м и мардэхэр зи лъабжьэ зэхуэс ди университетым дяпэкІэ зэрыщылэжьынур си гуапэщ. Абы и лэжьыгъэм хэтыну къыткуеблэгъа псоми фЫщІэ яхуэощІ икІи Іэхэу купщІафІэхэр, хьэлэмэтхэр зэфІэфхыну сынывохъуэхъу, - жиІащ КъБКъУ-м и проректор Къэжэр Артур зэхуэсыр къыщыІэзэІуихым.

Налшык дэт гимназие №94-м и унафэщІ Нэгъуей Риммэ къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ зи пашэ еджапІэм къыщызэІуаха дипломатие классым и лэжьакІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, КъБКъУ-м къыщызэрагъэпщІа зэхуэсым къыщыІэзэІуихым.

Налшык дэт гимназие №94-м и унафэщІ Нэгъуей Риммэ къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ зи пашэ еджапІэм къыщызэІуаха дипломатие классым и лэжьакІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, КъБКъУ-м къыщызэрагъэпщІа зэхуэсым хуэдэ ди къэралым и щІыпІэ куэдым щыІэщ. Ар езыр иджыблагъэ щыІащ МГИМО-м и щылажьэ апхуэдэ зэхуэсым икІи абы и утыку къинха ныбжьыщІэхэм я псэлъэкІэр, утыку итыкІэр, яхэлъ дипломат хьэлхэр гунэс щыхъущ. Аращ университетым игъэлэжьэну зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэр.

Къызэхуэсахэм Іэхуэгъуэщ1э нэхъапхьамкІэ ехъуэхъуащ Налшык къалэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Жэмыхъуэ Сражудин, Цыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ урысей институтым (РАНХиГС) Хуитыныгъэмрэ пщІэ шыкъуэнышагъуэнышагъэмкІэ и институтым и егъэджакІуэ Тэрчокъуэ Іэсият, Хьэтіохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школ №1-м и унафэщІ Нэхущ Аллэ, FM Радиом и редактор нэхъыщхьэ Шыдакъ Татьянэ, Владимир къэрал университетым и Іэщ1агъэлІхэр.

«Мамырыгъэм и жьэгум» и лэжьыгъэр ирагъэжьауэ къалъытащ КъБКъУ-м и студенткэ Раджаповэ Беларрэ гимназие №94-м и еджакІуэ Бекбоев Иналрэ я Іэхэр зэрыгъбыдауэ зэрАэтамкІэ. ЗэрытраухуамкІэ, зэхуэсым и лэжьыгъэр щекІуэкІынущ жьэгум и Ассамблее нэхъыщхьэмрэ (абы лІыкІуи 193-рэ хэтщ, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм яцыщу) Социально-экономикэ советымрэ (абы цыху 54-рэ хэтщ). Къинэмыщ1ауэ, Іэхуэгъуэщ1эм къириубыдэнущ мастер-класс зэмылІэужьыгъуэхэр, фильмхэм еплъыныр, нэгъуэщІхэри. А псори накъыгъэм и 27-м зэфІэкІынурэ, «Мамырыгъэм и жьэгур» Іэтауэ зэхуащІыжынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Дэ къытхуатх

ФІыгъуэм я нэхъыщхьэр

Адыгэхэр дунейм дытетщ, дызэрыгушхуэ ди хабзэ екІумрэ нэмыс дахэмрэ лІэщІыгъуэкІэрэ къыддекІуэкІыу. А лъэпкъ лъапІэныгъэхэр зэрылъ унагъуэхэращ насыпи зыуэщІыныгъи Тхьэшхуэм къызрилъхьэр.

ДИ хабзэ дахэхэм ящыщщ нэхъыжьым, бзылъхугъэм, сабийм гулъытэ хэха яхуэщІыныр. Іэдэбагъыр, щэныфІагъыр, шыІэныгъэр. Аушыджэр къуажэм щыпсэу Іэпщацэхэ я лъэпкъым илъэс 60 лъандэрэ яхэс Лорэ Барэ и пхъур апхуэдэ хабзэфІрэ нэмыс лъагэрэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэ Іумахуэщ, анэ, анэшхуэ Іэфіщ, лъэпкъым къыщІэхъуэ щІэблэм щапхъэ зытрах нэхъыжьыфІщ. Мы мазхуэхэм Лорэ и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

Псыгуэнсу адыгэ жылэжьым дэса Вэрыкъуэ Барэ и унагъуэм 1939 гъэм и нахьыгъэм къыщалъхуащ Лорэ. Абы и сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хиубыдащ. Бийр хэкум ирахужу зауэр ди текІуэныгъэкІэ иуха нэужь, Лорэ щеджащ къуажэм дэт курыт школым. Хъыджэбзым и ныбжь нэсри, и насыпыр къэкІуащ. 1959 гъэм ар щхьэгъуэсэ хуэхъуащ Аушыджэр щыщ Іэпщацэ Іэниуар. Бзылъхугъэ жылэщІэр, Іэсэлъэсэр зыхэхуэ унагъуэм яхэзгъащ. Пщ1эрэ нэмысрэ, зэгурыІуэрэ зэхудэчыхрэ зяку дэлъ зэщхьэгъэсхэм унагъуэ дахэ яухуащ. Абыхэм къащІэхъуащ къуих, яхэбдзыну зы яхэмыту. Щ1алих лъэпкъым къыхэбгъуэвэныр фІыгъуэшхуэкъэ!

Лорэ унагъуэ ихьуэ илъэси 3 дэкІа нэужь, сэри сахэхуащ Іэпщацэхэ. Лорэрэ сэрэ зэныбжьэгъу дыхъуащ. Си щхьэгъусэ Хьэсэнрэ сэрэ, Тхьэм и фЫщІэкІэ, къытщІэхъуащ хъыджэбзищрэ щІалитІрэ.

ЗэныбзэгъуитІыр илъэс куэд лъандэрэ дыкъызэдогъуэгурыкІуэ, пщІэрэ къарней, капитан Гуэщокъуэ Іэниуар, лейтенант нэхъыжьхэу АфІэунэ Николайрэ Уэщро Зуберрэ, сержантхэу Бэлэтокъуэ Азарбий, Иванов Сергей, Хамэ Ахьмэд, Карагодин Николай, Григораш Николай сымэ. Сержант Тубай Сэхьид къыхуагъэфэщащ «За отвагу» медалилл.

Тхылъыр къыдэзыгъэкІахэм Іэхуэшхуэ зэфІагъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районым и цІыхухэм зэрахьа лЫгъэм иджыбгІэблэр щагъэгъуэзэным теухуауэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Робототехникэм куэд дехьэх

Иджыблагъэ КъБКъУ-м щекІуэкІащ мехатроникэмрэ работотехникэмкІэ Олимпиадэ. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэси 7-м щегъэжьауэ 17-м нэс еджакІуэ 50.

ЕДЖапІэ нэхъыщхьэм мехатроникэмрэ работотехникэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Сен Хьэмыщэ зэрыжиІэмкІэ, мы Іэхуэр къыщІэзэрагъэпэщар инженер Іэщ1агъэм еджакІуэ цыкІуэр дегъэхьэхын папщІэщ.

КъБКъУ-м егъэджэныгъэ ІэхуэхэмкІэ и проректор Лесев Вадим зэІущІэр къыщызэІуихым къыхигъащащ мыпхуэдэ Іэхуэхэм хэтхэм я бжыгъэм илъэс къэс къызэрыкъэхуэр, дэтхэнэми абы егуГуэу зэрызыхуигъэхьэзырыр икІи сабийхэм я зэфІэкІкІэр нэсу яГъэпсэлъауэу текІуэныгъэ зыІэрагъэхьэну ехъуэхуащ.

Зэпеуэм унэтІныгъитІ иІэт: «Роботхэр программэкІэ зегъэкІуэн», «Мастер» жиІэу. Ялэр щрагъэкІуэкІар КъБКъУ-м LegoMindsStrorms EV3 роботхэм щепэжь платформэрщ. Зэхьэзэхуэм хэтхэм мыбдеж щагъэлъэгъуэн хуейщ роботхэр зэрызэрагъэкІуэфыр, абыхэм макъ ирагъэщІын, яГъэпсэлъэн, зы лэжьыгъэ гуэр ирагъэщІэн папщІэ къагупсыса программэхэр.

«Мастер» унэтІныгъэм хэт гупхэм нэхъ пасэу яГъэхьэзыра VEX, LEGO, TETRIX роботхэм я зэфІэкІхэр ягъэльэгъуэн хуейт. Зэпеуэм хэтхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ я къэхутэныгъэхэм зэрелэжьа щ1ыкІэхэм, ахэр ди ГъащІэм къыхыхьэмэ сэбэпынагъуу къахьынур зыхуэдизым.

КъэпщытакІуэхэр нэхъ зыкІэлъыплъыр еджакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр ди зэманым къызэрезгъырщ, щІэщыгъуагъуэ хэлъырщ, псори зэкІлъыкІуэу зэрызэгъэпэщарщ. Сабийхэм ядолажьэ мы унэтІныгъэм фІыуэ хэзыщыкІ Іэщ1агъэлІхэр. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, ныбжьыщІэ куэд мы Іэхуэм дехьэх.

Зэхьэзэхуэм кърикІуахэр мыгувэу haIуэ къащІынущ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Джылахъэстэнейм и лІыхъужьхэр

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 74-рэ щрикъум ирихьэлІэу къыддекІащ «Герои Терской земли» тхылъыр. Ар ягъэхьэзыращ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник, пенсэм щыс Щоджэм Залымджэрий, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Джырандокъуэ Михаил, милицэм и полковник, мы зэманым мылажьэж, Урысейм и тхакІуэхэм я союзым хэт Шипилов Валерий сымэ.

ХАХУЭУ бийм пщІэтащ Тэрч щыналъэм щыщ зауэлІхэр. Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ къхъулъатэзэхуэ Къанкъуэщ Ахьмэдхан Палэ и къуэм. Апхуэдэ цІэ лъапІэхэр къыфІащыну яГъэлъэгъуат лейтенант нэхъыщІэ Къаныкъуэ Альберт, сержант нэхъыщІэ Мерзликин Василий, сэлэт Поярков Афанасий.

Псыжь щІыналъэм щекІуэкІа зауэм щызэрихьа лЫгъэм папщІэ Лениным и орденыр мыпсэужу къыхуагъэфэщащ капитан Дудар Хьэжпагуэ Цу и къуэм.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм и ялпэ командир Къардэн Сэхьид Іэсхьэд и къуэм Бэракъ Плъыжь, Невский Александр и орденхэр, Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэр къратащ.

Орденхэр ираташ офицер лЫхъужьхэу КІэрэф Хъэбил, Къер Хьэсэнбэч, Щомахуэ Хьызыр, Белик Иван, Гуляев Висангерей, Павлюк Александр, Мэчыкъуэ Ибрэхьим, Мотовилов Евстафий, Джырандокъуэ Мухьэрбий, Мякинин Николай сымэ.

Зауэм щызэрахьа лЫгъэм папщІэ орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ генерал-майор Ивановский Александр, подполковник Мэкъуауэ Нэиб, майорхэу Ирыгу Хъэндэржий, Щауэ-цІыкІу Залымджэрий, Балъкъэр Джэхъфар, Уэлий Къэралбий, Лыкъуэжь Зулькъарней, капитан Гуэщокъуэ Іэниуар, лейтенант нэхъыжьхэу АфІэунэ Николайрэ Уэщро Зуберрэ, сержантхэу Бэлэтокъуэ Азарбий, Иванов Сергей, Хамэ Ахьмэд, Карагодин Николай, Григораш Николай сымэ. Сержант Тубай Сэхьид къыхуагъэфэщащ «За отвагу» медалилл.

Тхылъыр къыдэзыгъэкІахэм Іэхуэшхуэ зэфІагъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районым и цІыхухэм зэрахьа лЫгъэм иджыбгІэблэр щагъэгъуэзэным теухуауэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Дэ къытхуатх

ФІыгъуэм я нэхъыщхьэр

Адыгэхэр дунейм дытетщ, дызэрыгушхуэ ди хабзэ екІумрэ нэмыс дахэмрэ лІэщІыгъуэкІэрэ къыддекІуэкІыу. А лъэпкъ лъапІэныгъэхэр зэрылъ унагъуэхэращ насыпи зыуэщІыныгъи Тхьэшхуэм къызрилъхьэр.

ДИ хабзэ дахэхэм ящыщщ нэхъыжьым, бзылъхугъэм, сабийм гулъытэ хэха яхуэщІыныр. Іэдэбагъыр, щэныфІагъыр, шыІэныгъэр. Аушыджэр къуажэм щыпсэу Іэпщацэхэ я лъэпкъым илъэс 60 лъандэрэ яхэс Лорэ Барэ и пхъур апхуэдэ хабзэфІрэ нэмыс лъагэрэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэ Іумахуэщ, анэ, анэшхуэ Іэфіщ, лъэпкъым къыщІэхъуэ щІэблэм щапхъэ зытрах нэхъыжьыфІщ. Мы мазхуэхэм Лорэ и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

Псыгуэнсу адыгэ жылэжьым дэса Вэрыкъуэ Барэ и унагъуэм 1939 гъэм и нахьыгъэм къыщалъхуащ Лорэ. Абы и сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хиубыдащ. Бийр хэкум ирахужу зауэр ди текІуэныгъэкІэ иуха нэужь, Лорэ щеджащ къуажэм дэт курыт школым. Хъыджэбзым и ныбжь нэсри, и насыпыр къэкІуащ. 1959 гъэм ар щхьэгъуэсэ хуэхъуащ Аушыджэр щыщ Іэпщацэ Іэниуар. Бзылъхугъэ жылэщІэр, Іэсэлъэсэр зыхэхуэ унагъуэм яхэзгъащ. Пщ1эрэ нэмысрэ, зэгурыІуэрэ зэхудэчыхрэ зяку дэлъ зэщхьэгъэсхэм унагъуэ дахэ яухуащ. Абыхэм къащІэхъуащ къуих, яхэбдзыну зы яхэмыту. Щ1алих лъэпкъым къыхэбгъуэвэныр фІыгъуэшхуэкъэ!

Лорэ унагъуэ ихьуэ илъэси 3 дэкІа нэужь, сэри сахэхуащ Іэпщацэхэ. Лорэрэ сэрэ зэныбжьэгъу дыхъуащ. Си щхьэгъусэ Хьэсэнрэ сэрэ, Тхьэм и фЫщІэкІэ, къытщІэхъуащ хъыджэбзищрэ щІалитІрэ.

ЗэныбзэгъуитІыр илъэс куэд лъандэрэ дыкъызэдогъуэгурыкІуэ, пщІэрэ къарней, капитан Гуэщокъуэ Іэниуар, лейтенант нэхъыжьхэу АфІэунэ Николайрэ Уэщро Зуберрэ, сержантхэу Бэлэтокъуэ Азарбий, Иванов Сергей, Хамэ Ахьмэд, Карагодин Николай, Григораш Николай сымэ. Сержант Тубай Сэхьид къыхуагъэфэщащ «За отвагу» медалилл.

Тхылъыр къыдэзыгъэкІахэм Іэхуэшхуэ зэфІагъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районым и цІыхухэм зэрахьа лЫгъэм иджыбгІэблэр щагъэгъуэзэным теухуауэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Іэпщацэхэ Лорэрэ Хьэлимэтрэ.

нэмысрэ ди зэхуаку дэлъу. «Гъащ1эр матэщІэдзакъым», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Ары купщІэшхуэ щІэлъщ. Бынунагъэшхуэу ущыцыткІэ, унагъуэми лэжьыгъэ Іэнатіэми къалэнхэр ущыщІэкІэ, зэІумыбз гуэрхэри къыхокІ псэуныгъэм. Апхуэдэ щытыкІэ гугъу сыщихуэм, Лорэ дапщэщи щІэгъэкъуэн къысхуэхъуащ, Іэхуэкли чэнджэщкІи. Ди щІы кІапэ зэпылъу псэу дэ унагъуитІым ди бынхэри къызэдзэхъащ. Нэхъыжьхэр дыхущІэкъуащ ахэр лъэпкъ хабзэм тету зэрыдгъэсэным. Нобэ ахэр псори унагъуэщ. Я адэхэу Хьэсэнрэ Іэниуаррэ дунейм темытыжми (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ), ди щІалэхэри къыджэбзэхэри къэхъуащ щІыхь зэпІэзэрыту, гъэщІэми хэзэгъэуэ къыдопІыэтэ. АбыкІэ фЫщІэ куэд бгъэдэлъщ сыт щыгъуи чэнджэщзэгъуфІу сиІэ, пэжу къызбгъэдэт си нысэгъу нэхъыжьым. ДиІэр зэдгъэзахуэу, димыІэр зэдгъэгъуэту, фЫм дыхущІэкъуэу дыкъекІуэкІащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, дызэгурыІуэрэ дызэдэІуэжу. Ар унагъуэм илъ фІыгъуэхэм я нэхъыщхьэщ.

Унагъуэмрэ губгъуэ лэжьыгъэмрэ къыщыдэхуэ зэманым Лорэ жыджэру хэтащ къуажэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхуэхэм. Лорэ мызэ-мытІэу хахащ къуажэ советым и депутат. Цыхубзхэмрэ унагъуэхэмрэ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр и пщэрылъти, ахэр сыт щыгъуи зэрыхькІэ игъэтэмэмащ. Сэри илъэс куэдкІэ къуажэ администрацэм сыщылэжьащ, кадрхэмкІэ къудамэм срипашэу. ЗэнысэгъуитІри дыхущІэкъуащ пщэрылъ къытхуащІ дэтхэнэ Іуэхугъэ къызыхуэтынщэу зэрызэфІэтхыным.

Лорэ пщІэ къыхуэзымыщІ дэскъым ди хьэблэм. Бзылъхугъэ Іумахуэм нэмысыщхуэ щиІэщ Іэщ илъэс 60 лъандэрэ зыхэс Іэпщацэхэ, благъэу дгъуэта унагъуэхэм. Лъэпкъым Іуэху диІэмэ, а нэхъыжьыфІырщ ди чэнджэщэгъур, ди унэтІакІуэр.

Унэр и гуу, жьэгур и псэу дунейм тет а бзылъхугъэм апхуэдэ щытхъу куэд хуэфащэщ. Шыпхъу пэлъытэу сиІэ си нысэгъу нэхъы-жьым къыщалъхуа махуэмкІэ си щхьэкІи си бынхэм я цІэкІи си гуапэу сохъуэхъу. Уэныщагъэр иІэу, и дунейр нэхуу, берычэтыр и Іэнэгуу, дэрэжэгъуэмрэ гуфІэгъуэмрэ и куэду, и бынхэм, абыхэм я щІэблэм я насыпым ирогушхуэу, и лъэр щІигъэкІрэ и гум ехуэбылІэу Тхьэм игъэпсэу.

Кэудрэ дяпэ уитыну, си нысэгъу нэхъыжь, си ныбжьэгъу пэж, си щыпхъу гумащІэ!

ІЭПЩАЦЭ Хьэлимэт.

Шэрэдж щІыналъэ, Аушыджэр къуажэ.

Къэралпсо зэпеуэ иным

● Самбэ

Новороссийск щекІуэкІащ Ушаков Фёдор и цІэр зезыхьэ тенджыз къэрал университетым и саугъэтхэм щыщІэбэна самбэмкІэ «А» классым хьыкъ урысейпсо мастер зэпеуэ. Абы текІуэныгъэр къыщихьащ Абазэ Ислъам.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щІыналъэ 16-м икІа спортсмени 120-м щигъу зыхэта къэралпсо зэпеуэ иным фІыуэ зыкъыщагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм. Апхуэдэу Абазэ Ислъам кыІэпльэщІ къахэкІакъым нэхъ хьэлъэ дыдэхэм, килограммэ 100-м щІигъуэм, я зэныкъуэкъуныгъэм. КІэух зэІущІэм абы щыхигъэщащ хэгъэрейхэм ящыщ Корнинкэ Денис.

Килограмм 90-м нэс си хьэлъагъэм я зэпеуэм зэхарзынэу щыбзнащ Аликперов Асльэн. Финал цІыкІуэм щытекІуэри, абы жэз медалыр зыІэригъэхьащ.

Тенджыз къэрал университетым и саугъэтхэм щыщІэбэна самбэмкІэ «А» классым хьыкъ урысейпсо мастер зэпеуэм щыщыкъэжакІа ди щІалэхэр ягъаеэ Уэщхъун Башир, Хьэпай Арамбий, Чым Руслан сымэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Я гъуащхьэхъуэмэхэр къуажэм къыдана?

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гъэмахуэ чемпионатым и етхуанэ джэгуГуэуэм топ пщ1ыкІутІ зэуэ къыщ1ыхудагъэкІащ «Псыкуэдым». БжыгъитІ зэбгъурыту а къуажэ командэр иджы етІуанэу мы гъэм къыхагъащІэ.

ГУГЪУСЫГЪУУ ирагъэжьащ зэхьэзэхуэр «Псыкуэдым». Ар мыгъэрей зэпеуэм къыщыкІэрыхуэхэм яхэхуам и закъуэкъым, атІэ тІэунейрэ нэгъуэщІ щыпІэхэм щыджэгуагъэ, хоккейми куэдрэ узыщІримыхьэлІэ бжыгъэщхуэ дыдэкІэ къыхагъэщІащ. ЯлэщІыкІэ, мэлыжьыхьым и 13-м, Бахьсэн жэуапынщэу топи 10 къыщыхудагъэкІащ. КъыкІэлъыкІуэу, мис иджы Тэрч къалэм топ 12-кІэ «къыщІыхуэупсащ». Къыпщ1ыхъункІэ хъунущ зэІущІэр ирагъэкІуэфыну Псыкуэд къыщыдэкІкІэ я гъащхьэхъуэмэхэр къуажэм къащыщыгъупщэу. Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, нэгъабэрей зэхьэзэхуэм къыщыхудагъэкІа топи 113-м (нэхъыбэрэ зи гъуэр хагъэщІа нэгъуэщІ командэ зэпеуэм хэтакъым) мы гъэм ефІэкІыжынущ.

Абы щыгъуэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатыр къызэщІопльэ. Зи чэзу текІуэныгъэхэр зыІэрагъэхьауэ абы и бжыпэм щызэпыкъуэжьу Бахьсэн и «Автозапчасть»-мрэ Къэхъун и «Керт»-мрэ. Пашэхэм бжыгъэшхуэкІэ я стадионхэм щыхагъэщІащ Бабугентрэ Псынэдахэрэ къикІахэр.

«ЛогоВАЗ»-м топиплІри худзэзыгъэкІа «Автозапчасть»-м щыщ Къуэжей Азэмэт гъащхьэхъуэхэм я зэпеуэм зэкІэ кыщыпъэщІыхьэн яхэткъым. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ абы топ пщ1ыкІуэ я хьэрхуэрэгъуэхэм яхудигъэкІащ.

ДжэгукІэ удэзыхьэх къызэригъэльэгъуэщ мы гъэм гуп нэхъыщхьэм къыхьыха Прохладнэ и «Энергетик»-м. Акъбащ Ищхъэрэ щыІэу иджы абы хэгъэрейхэр хигъэщІащ.

Турнир таблицэм кІэух увыпІэхэр зэрыщІыгъащ Шэджэм районым и «Къэндетеймрэ» «Нартанымрэ». Абыхэм я зэІущІэ псори зэкІэ ирагъэхьащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэм кърикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Автозапчасть**» (Бахьсэн) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **4:0**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - **12:1**, «**Керт**» (Къэхъун) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **5:1**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Малка**» (Малкэ) - **2:5**, «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**Нартан**» (Нартан) - **4:2**, «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **1:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:2**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	5	5	0	0	31-2	15
2. «Керт»	5	5	0	0	21-5	15
3. «Энергетик»	5	4	1	0	13-7	13
4. «Тэрч»	5	3	1	1	20-8	10
5. «Малка»	5	3	1	1	14-9	10
6. «ХьэтІохъущыкъуей»	5	3	1	1	12-9	10
7. «Спартак-Д»	5	2	2	1	8-6	8
8. «Налшык»	4	2	1	1	7-7	7
9. «Нарт»	5	1	2	2	7-9	5
10. «Ислъэмей»	4	1	1	2	9-10	4
11. «Акъбащ»	5	1	1	3	9-14	4
12. «ЛогоВАЗ»	5	1	0	4	7-14	3
13. «Псыкуэд»	5	0	2	3	4-28	2
14. «Родник»	5	0	1	4	5-14	1
15. «Нартан»	4	0	0	4	4-16	0
16. «Къундетей»	4	0	0	4	7-20	0

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ялпэ къуэндэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь). Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыщызыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым -42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узышнагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептылькІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыкъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.210 ● Заказ №393